84 ҚҚ2
Ө 32

ҲҮРЛИМАН ӨТЕМУРАТОВА
ТИЛЕЎХАН ДАНИЯРОВА
ЗУЛЬФИЯ ӨТЕМУРАТОВА

A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com

# БОЛАР ЕЛДИҢ БАЛАЛАРЫ...

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»

84ккз
О-82

ҲҮРЛИМАН ӨТЕМУРАТОВА
ТИЛЕЎХАН ДАНИЯРОВА
ЗУЛЬФИЯ ӨТЕМУРАТОВА

# БОЛАР ЕЛДИҢ БАЛАЛАРЫ...

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1997

Ө—8
КК—2

**Өтемуратова Ҳ., Даниярова Т. Өтемуратова З.,** *Илимий мақалалар.* **«Болар елдиң балалары...».** — Нөкис: «Қарақалпақстан» 1997-ж. 67-бет.

*Балалар ҳәм жасөспиримлер әдебиятлары бөлими.*

Келешегимиз болған балаларды Уатанды сүйиў руўхында тәрбиялаўда өткен тарийхымызды үйрениўдиң әҳмийети үлкен. Өтмиштеги уллы бабаларымызды олардың даңқлы өмир жолын үйрениў арқалы жас әўладты мәртлик ҳәм қаҳарманлық сыяқлы ағла қәсийетлерге тәрбиялаўға болады.

Бул илимий топлам үш автордың Ҳ. Өтемуратова, Т. Даниярова, З. Өтемуратовалардың илимий мийнетлери болып есапланады.

Өтемуратова Ҳүрлиман тарийхый роман мәселелери менен шуғылланады. Бул китапта халқымыз тарийхында өзлериниң әжайып ислери менен аты мәңгиге қалған уллы тарийхый тулғалар Едиге, Орманбет, Шырақ Ерназар, Беруний ҳәм Мүйтенниң жас әўладқа үлги боларлық өмир жолы ҳаққында сөз етеди.

Даниярова Тилеўхан, Өтемуратова Зульфия жас илимпазлар. Соңғы ўақытлары баспа сөзде өзлериниң илимий мақалалары менен көринип киятыр. Бул китап жас әўлад ушын оғада зәрүрли.

Бул илимий мақалалар әдебият муғаллимлери ҳәм студентлер ушын да баҳалы қолланба болатуғынлығы сөзсиз.

Ө $\frac{4803270201-476}{М-397(04)-87}$ 62—97

iSBN 5-8272—0090—0

«Қарақалпақстан» 1997 жыл.

Китапхана
Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты ...
47198

**Ҳүрлиман Өтемуратова**

*филология илимлериниң кандидаты*

# БОЛАР ЕЛДИҢ БАЛАЛАРЫ...

(«Едиге» ҳәм «Дәўлетиярбек» дәстанлары мысалында)

Тарийхый дәстанларда—«Едиге» ҳәм «Дәўлетиярбек» шығармаларында батырлар образы дөретилген.[1] Едиге ел ушын хызмет етиўши инсан сыпатында көринеди. Дәўлетиярбек те өзиниң мәртлиги менен көзге түседи.

Дәстанда Едигениң балалық жылларынан баслап сүўретленеди. Оның туўылыўы, атаанасынан жетим қалыўы, жетимлик пенен ер жетиўи сөз етиледи. Әке-шешесиз жас бала көп қыйналады, бирақ ол барлық қыйыншылықларды жеңип, ер жеткенинде патша болады. Едигени жала жаўып, туўылған елинен қуўып жибереди, бирақ ол бас иймейди, қайтама:

---

[1] Едиге. — Нөкис.: Қарақалпақстан, 1990, 398-бет.

Дәўлетиярбек. — Нөкис.: Қарақалпақстан, 1995, 60 бет.

«— Кисиниң тоны тершилди,
Киси кийими киршилди,
Киршил кийим киймеймен,
Тершил атты минбеймен»,— (15-бет)

деп өзине жаманлық еткен душпанларына мәртлерше жуўап қайтарады. Едиге балалық дәўиринде ойнап-өскен елатынан айрылып, қапа болып, жат жерлерге сапар шегеди:

«— Таўшанның туўған төбеси,
Ыссық көринер көзине.
Хәр ким елинен айрылса,
Қандай арыслан болса да—
Жеккелик келер өзине,
Барарына жери жоқ,
Батарына көли жоқ...
Қайлардан қайда барарын,
Есабын арыслан таба алмай.
Әне, турып Едиге,
Ат басындай сом жүрек,
Қанаға сыймай туўлады». (16-бет)

Туўылған үлкесинен қуўылған Едиге бәрибир қайтып келеди, өзин аямаған жаман адамлар менен саўашқа түседи. Оның батырлығы дәстанда төмендегише тәрийпленеди:

«— Сол ўақытта болды урыс,
Урыста жоқ хеш бир турыс.
Айдарҳадай дем шегеди
Қолындағы кескир қылыш.
Билегинде жарқырайды
Испаҳаны кескир қылыш.
Рүстемнен кем емес,
Едигениң урысы.
Силтегенде онын-бесин,
Туйдырмай кести қылышы.
Қара лашын ушар болса,
Уша дағның басын гөзлер,
Ғош жигит кирсе саўашқа,
Бесин шаншып, онын гөзлер.
Әжеллини өлтирди,
Мийнетлини бүлдирди». (82-бет)



Бунда Едигениң қаҳарманлық саўашы сөз қылынған.

Едиге жетимлик азабын шегип, төмен адамлардан зорлық көрип өссе де, өзиниң мийнет сүйгишлиги ҳәм ақыллылығы арқасында халық ҳүрметлеген батыр палўан дәрежесине жетиседи. Жасында қыйыншылықтан езилген Едиге өзиниң шыдамлылығы менен мақсетине ериседи. Дәстанда оны:

«— Едигени көрген адам,
Ҳәмме ҳайран қалады...
Ақша аты бар астында,
Қоңыраўлы найза дәстинде,
Қундызлы соппас басында,
Жолдасы жоқ қасында,
Әйне он төрт жасында,
Рүстем киби айбатлы,
Сүймурықтай сымбатлы,
Арбадан кең көкиреги,
Арыстан жуўан билеги...
Асынғаны ердики,
Жамылғаны ердики,
Бәриси ердиң жарағы». (17-бет).

Едигениң өз өмириндеги қыйыншылықларды сабыр-тақат пенен жеңиўи, келешектен үмит үзбеўи, киндик қаны тамған мәканында еркин жасаў ҳәм бахытлы болыў ушын гүресиўи кимди болса да ойландырады, қаҳарманлыққа баслайды.

Едиге өз журтынан қашып, Сәтемир ханның елине барады. Узақ жыллар өз үлкесин сағынады, изинен келгенде устазларын сорайды, оларды көргиси келеди:

«— Әлипбеден үйретип,
Молла етип бизлерди.
Ол кәмалға келтирген,

Кәтте ҳәзирет уллы пир,
Хана-хана медресесинде,
Сол устазым аман ба» (65-бет)

Жети жасар гезинде мектепке барып, билим алған Едиге устазларын умытпайды.

Едигениң мергенлиги де дәстанда айтылады: «Атқан оғы үш жүз алпыс қусты үркитип, ол көринген дарақтың бирсин қопарып, дәудиң оғы түскен жерге бунық да оғы шаң берди». (27-бет).

Өзи ер жүрек ҳәм сөзге шешен Едиге ҳәр қашан ҳақыйқатлықты бетке айтады, өзин сыртынан жаманлап, аяғынан шалып жүрген Кенжембайға «Қамшы тийер мойныңа, қан сорғалар қойныңа» деп, өзин ата қонысынан айдаған Тоқтамысқа «Кек алғандай кегим жоқ, өш алғандай өкпем жоқ» деп өзиниң мәртлигин билдиреди.

Едигениң ерликке толы өмир баяны ҳәммени қызықтырады. Ата-енесиз жетим баланың патша болып тахтқа миниўи бәршени ҳайран қалдырады. Турмыс сынақларынан, душпанлардың әзәзүлликлеринен аман өткен Едигениң жолбарыс жүреклилиги, ҳәр исти ойланып ислеўи, төзимлилиги адамға ой салады. Ҳәттеки, қызғанып жүрген душпанларының өзи Едигеге: «Халық ишинде айрықша асқан ақыл данасаң» (159-бет) деп оны мойынлайды.

Едигениң сын-сымбаты ҳәм батырлығы инсанларға шадлық инәм етеди, оған көзи түскенлер таңланып лал қалады, оның уллылығы алдында ериксиз бас ийеди:

«— Қайсы журттан келген адам,
Таўып айтып ада болмас.
Түри әжайып ғайыптың...
Турин көрсең патшалыққа ылайық,
Жарасықлы ақ қалқанын жамылған,
Батыр нышанасын асып тағынған...
Бир мыңға барабар айбаты-пәти...
Әлийден жоқары сыны-сымбаты,
Көринген жанларды ериксиз қаратар,
Келбетиңе жаның ерип баратыр...
Көрген жанлар таң қалғандай бир батыр,
Қайда туўып, қандай жерде жасаған...»
(165-бет).

Усындай батыр сыпатлы Едигениң қуўғынға көп ушыраўы тәбийғый еди, себеби жаман адамлар ондай әжайып инсанларды қызғанады, олардан қутылғысы келеди. Едиге жаўыз душпанларының бәрин жеңеди. Едигениң жаўдан қайтпас айбатлы батырлығы әсирлер бойы жырланып келди.

Дәўлетиярбекте тулпар аты Сарқушты ханға бермей жаманатлы болады, ел-халқынан айра түседи. Лекин, ол да өзиниң ар-намыслы және өр көкирек болыўы арқасында гүлләп қыянетшилерди жеңеди. Дәстанда Дәўлетиярбектиң:

«— Жаў-жарақлы, аты шайлы,
Қолда қылыш, сары жайлы,
Дәўлетияр дер мыңға тайлы,
Қәдирдан мәртлер келипти»,

—деген сөзлеринен-ақ оның баҳадыр инсан екенлиги, миймандослығы көринеди.

Дәўлетиярдың батырлығы оның сөзлеринен-ақ белгили:

«— Урыш майданға кирмеге,
Қарсы турып ақ урмаға,
Сыр берип, сырын алмаға
Жүрекли жолдасы керек». (24-бет).

Дәўлетиярдың азатлық, халықлардың парахатшылығы ушын жанын аямай урысыўлары, теңсизликке қарсы наразылық билдирип, нәкас адамларға қарсы қолға қурал алып шығыўлары оның даңқын арттырады. Дәўлетияр да гүрес пенен өз нийетине ериседи. Адамлар оның ғайратына таң қалады, оның гәплерин ядлап алады:

«—«Ат тарталмай жигит жаўда қалғанда,
Жолдастан айрылып, тәнҳа болғанда,
Душман қоршап әтирапыны алғанда,
Кескир қылыш, атқыр кәман керекти.
Майдан узра Рүстем киби айбатлы,
Шерлердей ғайратлы, арыслан сыпатлы,
Астына мингени Сарқуш ғыйратлы
Мәрт жигитке Шаҳиймардан керекти». (25-бет)

Дәўлетиярбектиң бул даналыққа толы сөзлерин ҳәр бир жас мақтаныш пенен айтады, бул батырлыққа руўхландырыўшы қосық қатарларының тәрбиялық әҳмийети айрықша.

Едиге ҳәм Дәўлетиярбектиң батырлықлары жүз жыллықлар даўамында инсанияттың ең ағла улларын мәртликке шақырып ҳәм баслап келди. Аналар олардың ерлигин ҳәййиўлерге қосып айтып, бөбеклерге даңқлы бабаларының қаҳарманлығын жырлады. Жазыўшы Ж. Муратбаевтың «Аққуўға оқ дарымайды» деп аталған тарийхый романында да Едиге менен Дәўлетиярбеклер киби батырлардың бири—Қарақ батырдың образын шебер жасаған.[1]

Қарақ батырдың жунгарларға қарсы қан төгиспе урыслардағы ерлиги, халықты қуллыққа түсирмеў ушын бар күш-жигерин жумсаған қарыўлы инсан екенлиги дөретпеде сүўретленген (13—18-бетлер). Қарақ батырға да ҳәр қыйлы иши тар кимселер қыянет қылғысы келеди: «Көштиң алдындағы кер атлы, ақшыл көк дуўлығалы излеп киятырған қарақалпағым,—деген Қара айыў ғырра изине түсип, сай менен жүрип, көштиң алдына шығады. Шопан қазғанның оң тәрепиндеги кәрўан жолдың шетиндеги қалың өскен сексеўилдиң арасына кирип, садағына оғын салып, гезенип, батырды тосып турады. Оқ жетер жерге жақынлағанда, батырды қақ маңлайдан гөзлеп, садақтан оқ үзеди. Бир нәрсениң зуў еткен даўысын еситкен Қарақ батыр қарсы алдында алысырақтан зымырап киятырған садақтың оғын сезеди де, оқты денесине жақынлатпай, қамшысының сабы менен урып түсиреди». (49-бет).

Қарақ батыр душпанлар қолынан қаза тапады (52-54-бетлер). Бирақ, халқын киндик қаны тамған мүҳәддес мәканына көширип әкелген дана батырдың атын ҳеш ким умытпайды. Қарақ батыр да Едигениң ерлигин даўам еткен мәртлердиң бири еди.

Халқымызда «Болар елдиң балалары бирин-бири батыр дер» деген даналық сөз бар. Жас әўладты уллы бабалардың қаҳарманлығы руўхында тәрбиялаў, олардың қайталанбас образларын үйрениў зәрүрлиги мәлим болады.

[1] Муратбаев Ж. Аққуўға оқ дарымайды. —Нөкис.: Билим, 1993, 3-59-бетлер.

## ӘЖИНИЯЗ ҲӘМ ОНЫҢ УСТАЗЫ

Уллы шайыр Әжинияз Қосыбай улы талантлы ҳәм билимли инсан сыпатында өз заманында белгили болған. Ол балалықтан ақ илим кәнин ийелеўге инталы болған, оның устазы Елмурат ахун XIX-әсирде ең атақлы аллама-медресе оқытыўшысы сыпатында даңқ шығарған еди. Тарийхый китаплардан да, Н. Дәўқараев, Н. Жапақов, Қ. Айымбетов мийнетлеринен де, Қ. Мәмбетовтың «Әжинияз», Қ. Байниязовтың «Қосықтың күши», А. Муртазаевтың «Шайырдың муҳаббаты», А. Пирназаровтың «Әжинияздың шеберлиги», Б. Қәлимбетовтың «Әжинияз лирикасы» илимий жумысларынан да шайыр ҳәм оның устазы ҳаққында мағлыўматлар аламыз.

Әжинияз Елмурат ахуннан илим сырларына қанық болған, қосықларын да оған көрсетип, оннан ақыл-кеңес алған. Елмурат ахун өз шәкиртиниң келешегинен үлкен үмит күтип, оған жалықпай билим берген. Жазыўшы Қ. Султановтың «Әжинияз» тарийхый романында да илими зор устаз бенен алғыр шәкирттиң изленислери күтә тәсирли сүўретленеди: «Есиктен Елмурат ахун кирип келди. Устазына көзи түсиўден Әжинияз қол қаўсырып өрре турды. Төсек салды. Ахун үйдин аманлығына дуға оқыды. Шәкиртиниң саламатлығын сорады. Әжинияз устазы Елмурат ахунның келбетине ара-тура көзиниң қыйығын салып отыр.[1] Бунда сыпайы талаба Әжинияздың устаз—ахунға деген сыйласығы, ҳүрмет-иззети айқын көрсетилген. Тәжирийбели устаз Әжиниязға исенеди, оны өз перзентиндей жақсы көреди, илаҳийда талантқа ийе қәбилетли шәкиртиниң келешеги туўралы ойланады, илим—ҳикмет сырын оның терең ийелеўи ушын бар күшин сарп етеди! Мине, бул нағыз тәрбияшы инсанның келбети!

«—Жаңа сизге барып сабақ алып қайтайын деп отыр едим,—деди шәкирти.

— Ҳәй, биздеги бар гәўҳарды сарқып алдың ғой. Несийп етсин, балам! Енди еситкен, сезген илим—өнер болмаса, бар илимимди бердим, сизге балам! Енди сел ҳасылды қалай жумсайман десең ерик өзиңде!—Устаздың шәкиртке айтқан бул үмитин зийрек зейинли бала да түсинип, «қуллық, ата!» деп орнынан турып отырды. Жүзи қәпелимде борлаттай дөнип кетти. Қуўаныш ескиминен жүреги де әжептәўир соқты. Бул устаз алдындағы әдепли шәкирттиң алғысқа миясар болған ўақыттағы жүрек толқыўы еди!» (187-бет)

Өз әсириниң ақылы кәмил уламасы Елмурат ахун қүтә кишипейил инсан сыпатында ҳүрметке миясар болады. «Устазлық еткен жалықпас» дегендей, ол жас өспирим балаға ақыл-нәсият айтып, оны руўхландырады, илим шыңларына жетелейди. Елмурат ахун Әжиниязға үлкен шәҳәрлердеги медреселерге барып оқыўды кеңес етеди:

— «Билимниң сағасы—жоқары жақта, балам!—деди ахун салмақлы сөйлеп.—Аўа, Хийўада, Бухарада, Самарқандта... Наўайы, Фызулы, Бедиллерден көп билим аласаң. Оннан ары кетсең, Жәмийдиң сәтирлери, Ҳафыздың алмастай ғәззеллери, Саадийдиң

[1] Султанов Қ. Әжинияз.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1967, 187-бет.

ҳикметлери, Омар Ҳайямның тамаша рубайылары, Әбиў Рудакийдиң, Әбиў ибн Сина менен Әл Берунийдиң тағлиматлары. Сизди жети қат әлемге таныс қыла береди... Бирақ, медресеге бармасаң, Бозатаўда отырып, Жәмий, Саадийлерди оқып түсине қояр ма екенсең? Бағана айттым ғой, китап—ғәзийнеси, илим булағы үш тилде: түрки, фарсы, араб тиллеринде. Бул тиллерди үйренбей, өткен данышпанлардың ғәзийнесин аша алмассаң, балам! Мени устаз деп сыйласаң, берген кеңесимди тәрк етпесең—Хийўа я Бухардың медресесине барып, бир-еки жыл тәлим алып қайт! Илимди суўдай ишкен неш-ше мударислер сонда. Ираний, арабий, түркий шайырлардың не қыйлы дийўанлары сонда, медреседе, балам. Барсаң—пәтия берейин!» (187-бет)

Дана устаз ағла шәкирттиң терең билим алыўын, шайырлық уқыбын раўажландырыўын әрман етип, оны Хийўа медресесине барыўға шақырады. Келешекти болжаған ахунның мийнетлери ҳәм үмитлери зая кетпейди, арзыўлары жүзеге шығады: Әжинияз илим—ҳикметли ахун ҳәм бүлбил зибанлы шайыр болып шығады! «Устаздан шәкирт озса—устаздың бахты» деген халықтың даналық сөзиниң иске асқанлығын көресиз. Устаз бенен шәкирттиң умтылыслары өз жемисин берди. Профессор Қ. Мәмбетов «Әжинияз» китабында: «Әжинияз жаслайынан-ақ оқыўға берилген, зийрек бала болып өседи... Елмурат ахун оған өзиниң жәрдем қолын созады. Елмурат Бухараның Мирараб медресесин тамамлаған, өз дәўириниң билимли адамларынын бири еди. Ол диний китаплар менен бир қатарда шығыстың белгили классиклери—Фирдаўсий, Саадий, Наўайы, Бедил шығармаларын жақсы өзлестирген»,—деп жазған еди шайыр ҳәм оның устазы ҳаққында.[1]



Әжинияз устазының исенимин ақлады. Н. Дәўқараев: «Ол оқыған, медресе питкерген, өз заманының билимли адамы. Ол араб, парсы тилин, өзбектиң ески әдебий тилин жақсы билген. Шығыс әдебияты, оның классиклери Фирдаўсий, Саадий, Ҳафыз, Наўайы ҳәм басқалардың шығармаларын менен жақсы таныс болған. Әсиресе, түркменниң уллы шайыры Мақтумқулының шығармаларын жақсы билген»,—деп жазғанлығы белгили.[2] Профессор Ҳ. Ҳамидийдиң «Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары» илимий мийнетинде болса. «Ол Хийўада оқып тәлим алды, араб, парсы, турки әдебиятларының ең жақсы үлгилерин үйренди. Хорезм әдебий орталығы ўәкиллери болған—Агаҳий, Мунис, Ваяний, Кәмил, Шунасий, Мәзнәб ҳәм басқа да көпшилик Хийўа шайырларының көпшилигин Әжинияз билди... Оның шығармаларында уллы парсы шайырлары Саадий, Ҳайям ҳәм басқалардың мийрасларын жете билгенлиги... көринеди, — деп жазады.[3]

Әжинияздың усы дәрежеге ерисиўин устазы әрман қылған еди! Әжинияз ҳәм Елмурат

---

[1] Мәмбетов Қ. Әжинияз.—Нөкис. Билим, 1994, 11-бет.

[2] Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1979, 3-том, 83-бет.

[3] Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер.—Нөкис.: Билим, 1991, 156—157-бетлер.

ахун арасындағы устазлық—шәкиртлик қатнас әпсаналардағы Арастун ҳәм Афлатун арасындағы байланысқа уқсап кетеди: «Афлатунның Арастун деген шәкирти болып, ол даналық ҳәм тапқырлықта устазынан да өткен еди».[1] Булар грек алымлары—Платон менен Аристотель екенлигин ҳәмме биледи. Әжинияз да өз устазына садық болып қалады. Елмурат ахун еринбей мийнет етип, жас баланың билимдан болыўына ғайрат салған еди, оның шаққан шәкирти устазы ойлағаннан да алық болып шықты. Жаслықта еткен ҳәрекет өз нәтийжесин берди. Әжинияз уллы шайыр болып қәлиплести. Ол өзиниң «Бардур» атлы тәрийп қосығында:

«—Беглер, тәрийп етсем қалпақ йўртыны,
Қуп әжеп тамаша еллери бардур.
Ариф болып ҳақ йолына еришкен
Мүршидиў — мукәммәл пирлери бардур»,[2] —

дегенде өз устазындай уллы инсанларды тилге алған болса керек?!

## РӘУИЯТ ҲӘМ ТАРИЙХ

Қарақалпақ халқында рәўиятлар көплеп сақланған. Тақыўа кемпир-ғаррылар тарийхта жүз берген белгили ўақыялар, сәнелер ҳаққында, даңқлы тулғалар туўралы рәўиятларды көп айтады. Илимпазлар да оларды

---

[1] Афлатунның усынысы ҳәм Арастунның тапқырлығы.—Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери. — Нөкис.: Қарақалпақстан 1992 28-бет.

[2] Ә ж и н и я з. Таңламалы шығармалары.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1994, 23-бет.



халық арасынан жазып алып, олардан шынлықты излейди.

Халықта Орманбет бий туўралы рәўиятлар оғада көп. Оның жас бала ўақтынан-ақ өзиниң зийреклиги менен белгили болғанлығы, заманласлары оның келешегинен үлкен үмит күткенлиги, ол адамлардың исенимин ақлаған мәрт бий болып жетилискенлиги жөнинде рәўиятларда сөз болады.[1] Н. Дәўқараевтың, Қ. Айымбетовтың илимий жумысларында оның тарийхта болып өткен қаҳарман екенлиги жазып қалдырылған.[2] Қ. Мәмбетов «Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты» китабында: «Халық арасында аңыз болып тарқалып кеткен Орманбет бий, негизинен, XVI әсирдиң 80—90-жылларында Сарайшық қаласында жасаған, қарақалпақларды Ноғайлыдан айырып, өз алдына ханлық етиўге тырысқан, халық бахты ушын сыртқы душпанлар менен белсенди гүрескен...»—деп мағлыўмат береди.[3] Оның «Посқан ел» тарийхый шығармасында да Орманбеттиң туўылыўынан баслап сүўретленеди. «Перзент дәўлет деген! Аға султан алыс жаққа кетип, абырайлы болып киятырғанда бир қуўансын деп бес-алты жигитке бас етип Бердияр султанды жиберген екен.

...—Аманлық па?—деди бирден албырап қалған Ысмайыл.

---

[1] Т о л с т о в а Л. С. Жоқарғы қарақалпақлар.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1975, 146—148-бетлер.

[2] Д ә ў қ а р а е в Н. Шығармаларының толық жыйнағы.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1967, 2-том, 168—169-бетлер. Айымбетов Қ. Халық даналығы.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1988, 57—62-бетлер.

[3] М ә м б е т о в Қ. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты.—Нөкис.: Билим, 1992, 207-бет.

— Аманлық. Ақлықлы болдың, султан ийем. Сүйинши![1]. Ысмайыл султан ақлығына өзи ат қояды: «Орман—бул көпшиликтиң де, күшлиликтиң де тымсалы. Үрим-путағымыз қалың тоғайдай көп болсын! Себеби, тоғайдың өзи де, көз жетпейтуғын қалыңлық, сусты басатуғын саўлат, аспан сықлы асқар бийикликке ийе!»[2].

Усылайынша, өмирге келген Орманбет халықтың арын арлап, жырын жырлайтуғын азаматқа айланады. Романда оның досты Тағаймурат образы да жаратылған. Екеўиниң арасындағы дослық оғыры беккем болып, олар бир өмир бири-бирине садық болып қалады. Тойда Тағаймурат гүреске түсип жығылып қалады».—Ҳәне ким бар?—деди жеделленип кеткен Қәлдей.—Аты Сарайшықта арқамның қурысын жаздырғандай бир палўан табылмағаны ма?

— Мен барман!—деди бирден қалтырап кеткен Тағаймурат.

— Бунысы да бала ғой. Жеделли жигитлери жоқ па?—деди Қәлдей.—Ол жағын айқаста көре берермиз, — деди Тағаймурат. Бул алысыў да көпке созылмады. Тағаймурат қаншама ҳәрекет етсе де пайдасыз болды. Пәт пенен урылған жамбас жигитти желкеден төмен қулатып жиберди».[3]

Жолдасының жығылғанын көрген Орманбет ар-намысқа шыдамай өзин ортаға урады. Халықта жигитлерди тәрбиялаўда палўанлықтың орны айрықша. «Жығылсаң жер көтереди» дейди де жасы үлкен кәтқудалар өспиримлерди гүреске үйретеди.

Орманбет те жас палўан болыўына қарамастан, елдиң абырайы, жорасының намысы ушын қурға шығады. «Қалай болған менен жас баланың Қәлдейге бәс келиўи қыйын. Буны сезген Қазанның палўаны да кекетип сөйледи:

— Гилкий жас бала менен жасырынбақ ойнағандай боламыз да жүреди екенбиз-дә?!.. Шалғайына жармасып жүрип шеп жағынан шалып жиберген ўақытта Қәлдейдиң айқушуйқыш болған аяқлары алдына абынып кетти де, шалқ ортасына қулады.

— Орманбет жықты!—деп бирден шуўласты халық». (392—393-бетлер). Орманбет өзиниң ғайратлылығы менен жеңиске ериседи. Ол Асқар палўанды да утады: «Алдын қаплап турған қаптай бәлени белбеўликтен беккем тутты да, қарын бетин ийнине қарай асырып, өкшесин жерден қопарды». (393-бет). Орманбет саҳрайы халықтың ақыллы бир перзенти сыпатында мудамы ел намысын жоқары қояды, бәрҳама адамларға жақсылық етиўди ойлайды.

Бул романдағыға уқсас ўақыялар рәўиятларда да аз емес. «Ерназар палўан» деп аталған рәўиятта: «Бул гүресте Қоқан ханының қоңыраўлы палўаны менен гүресиўге Хийўа ханының қол астындағы палўанларын салыўға адамлар қорқысыпты...

— Ол ким?—деп сорапты хан.

— Ерназар деген қарақалпақ бала,—депти Турым бий. Сол ўақытта хан Ерназарды зинданнан шығарып әкелиўге рухсат етипти...

---

[1] Мәмбетов К. Посқан ел.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1988, 229-бет.
[2] Сонда, 229-бет.
[3] Сонда, 391—392-бетлер.

Ерназар алысыў гезекти «қонақ едиңиз» деп қоқанлы палўанға берипти. Қоқан палўаны биринши гезекти алып, Ерназарды жыға алмайды. Гезек Ерназарға келеди. Ол Қоқан палўанын қушақлап көтерип, Қоқан ханының алдына апарып таслайды»[1].

Демек, рәўиятларда Ерназар алакөздиң атына байланыслы сөзлер сақланған. Қ. Султановтың «Әжинияз» романында рәўияттағы ҳәдийсе сүўретленген: «Ерназар аўданлап ортаға шықтыда, белине палўан белбеўин байлап:

— Түркменниң теке палўаны қайда? Қарақалпақтың қошқар палўанына келсин!— деп нуқырып ортаға шыға берди. Аға бий түркмен палўанын жетеклеп келди. Екеўи қол алысты... Еки палўан тутысыўдан мойындаш алып, бирин-бири бираз ўақыт гә алға, гә артқа қайырып еди, бирине-бири дәрпенбеди. Бир қолайында Ерназар теке палўанның қолын қағып жиберип, белине асылды. Ол қашып гүреседи екен. Бул бурын гүрес тәсилин билмегенликтен бе, қара күшке исенип, белинен қушақлағысы келип, баўырына тартса да, ол жақын жуўымады. Екеўи еки рет жанбас урысып, бирин-бири майыстыра алмады. Узақ жүргеннен кейин Ерназар жалықты ма, қәҳәрленип, ыңыранып, теке түркмен палўанның белинен:

— Я Ийгилик ата!—деп тарақа алып қушақлады... Ерназар теке палўанды жерден

[1] Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1992, 71—72-бетлер.



қағып алып, ханның алдына көтерип барды да, жерге гүрс еткизип урды»[1].

Жазыўшы Қ. Султанов палўанлар тутысын қызық етип сүўретлейди. Көркем сөз зергери Т. Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» тарийхый дөретпесинде де рәўияттағы усы орынлар шебер сәўлелендирилгенлиги бәршеге мәлим. Үш жазыўшы да миллий үрп-әдет-дәстүрлерге садықлық пенен қаҳарманлардың өмирин көрсетеди. Әсиресе, Орманбеттиң күш-ғайраты ҳәммени таңландырады. Орманбеттиң Тағаймурат пенен дослығы сынақларда нығаяды, екеўи бәрқулла бирге болады: «Өр көкирек Орманбет пенен жақыннан дос болып, атқосшы болып қалыўына сөз берди... Тағаймурат бул жерде ҳәр ҳәптениң төрт-бес күнин темиршилик пенен өткизеди. Қалған күнлери Орманбет пенен бирге болады. Алаңға барып ат шабысады. Қырға барып кийик аўлайды. Бул жер дәслеп устахана болса да, соңынан аўыл жасларының жыйналып, бирге пикирлесетуғын жерине айналды». (374—375-бетлер).

Орманбет жаслығына қарамастан саўашларға да көп қатнасады, даўларға да араласады, оның салмақлы сөзлерине үлкенлер де қулақ қояды. Тағаймурат опадар дос сыпатында оған жақсы күнде де, жаман күнде де сүйеў болады. Әкеси Тынахмет сатқынларша өлтирилгеннен соң Орманбеттиң аўҳалы аўырласады, ҳәттеки оны жоқ етиў ушын гейпара қыянеткерлер де ҳәрекет етеди: «Орманбет те ҳеш биреўден қалыспайды. Бирақ, жас-

[1] Султанов Қ. Әжинияз.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1967, 273-бет.

тың аты жас... Жас султанға жүгинсе, бәри де беглигинен түсип қалатуғындай көринеди. Жас султанның жүрегине қанжар салып өлтирмекши екен... Орманбет кийип алған еки қабат бадана көз сауытқа пышақ түүе найзаны өткериүи әмри—мәҳәл еди.

...Албырап қалған Тағаймурат дәрҳал алмас зулфықарын суүырды». (430—431-бетлер). Солай етип, Тағаймурат Орманбетти қанжар түйреп өлтирмекши болған сатқынның геллесин кесип таслайды, жан жолдасын өлимнен қутқарып қалады.

Рәуиятларда қаҳарманлығы сөз болған Орманбет мәрт сәркарда ҳәм данышпан көсем сыпатында тарийхта өз орнына ийе. Рәүият ҳәм тарийхта аты қалған тарийхый тулғалардың образлары дөретилген романлар үйренилиүи ҳәм еле де жазылыүы керек!

## ТОЛҒАЎ ҲӘМ ОБРАЗ

Толғаўларда халық тарийхындағы ўақыялар из қалдырған. Әсиресе, Орманбет бийдиң қызы Сарыша айым ҳаққында толғаўлар ҳәммени қызықтырады. Оның образын:

«Орманбет бий өлгенде,
Он сан ноғай бүлгенде,
Орманбеттей бийлерден
Ул қалмады, қыз қалды.
Үш қызының генжеси,
Алғыр қустың пәнжеси
Сарыша айым толғайды»,—

деген қатарлар менен тәрип етеди.[1] Тарийхый

[1] Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1977, 2-том, 169-бет.



китапларда бул дәүир ҳәдийселери ҳаққында көп жазылған. Сарыша Орманбет бийдин мийрасхоры болған, оны адамлар мәртлиги ушын «алғыр қустың пәнжесине» теңеген.

Жазыўшы ҳәм илимпаз К. Мәмбетовтың «Посқан ел» романында да Сарыша айым образы жаратылған, ол толғаўлардан шеберлик пенен пайдаланған: «Аң—таң болып қалған, изинде киятырған үш қыз шөжелердей анасына асылды... Орманбеттиң қызлары он жас пенен он төрт жас аралығында еди. Үлкени Бийбайша әдеўир есейип қалыпты. Гүлайша—тартыншақ. Сарыша кишкене болса да салдамлы болып өсипти».[1] К. Мәмбетов бул дөретпеде Сарышаның балалығынан баслап сүўретлеген. Орманбет султанның қызы Сарыша сулыў халықтың тәғдийри ҳаққында ойланады. Балалығынан-ақ өзиниң салдамлылығы және ақыллылығы менен көзге көринген Сарыша ханымға адамлар исенеди, олар елдиң келешегин исенип тапсырмақшы болады:

«—Ноғайлының елинде,
Кәдели өскен қарыясы,
Жигерли өскен жигити,
Жыйылып кеңес қурады».[2]

Олар урысларда көп азап шеккем халыққа тек Сарыша ғана басшылық етиўи мүмкин деп ойлайды, оннн кеңес сорайды:

[1] Мәмбетов К. Посқан ел. — Нөкис.: Қарақалпақстан, 1988, 509-бет.
[2] Айымбетов Қ. Халық даналығы.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1988, 61-бет.

«—Гәўҳардан туўған қыяқсаң,
Сөнбейтуғын шырақсаң,
Ҳасылдан қалған әўладсаң,
Жақсыдан қалған зүриядсаң,
Кеңесиң болса бер дейди».[1]

Сарышаны жоқары баҳалаған ел-журт оннан ақыл сорайды. Сарыша инсанлардың өмири туўралы қайғырады, толғаўларда оның ел-халыққа қарап айтқан сөзлери сақланған. Оларды оқығанда, Сарышаның, толғаўларда «Орманбет бийдиң сол қызы, улдан көрген муңлысы» деп сөз етилетуғын ел перзентиниң «Қырқ қыз» дәстанындағы Гүлайым, «Мәспатша» дәстанындағы Айпарша, «Шәрьяр» дәстанындағы Әнжим ҳәм «Гөруғлы дәстанындағы Қырмандәлилер киби батыр және шешен болғанлығы белгили болады. Сарыша бирликли болыўға, ойласып ис тутыўға шақырады. Толғаўларда оның бул қаҳарманлығын:

«—Бийден қалған жалғыз, қыз
Боз ингендей бозлайды,
Ноғайлым деп толғайды...
Ноғайлым деп жылады,
Көзиниң жасын булады...
Ел—халқым деп еңиреди...»

Сарыша туўған жерин таслап көшип баратырғанлардың алдынан шығады, олардың ертеңине жаны ашыйды, қаншама дилўарлық пенен сөз айтса да гейпаралар оны тыңламайды. Сарышаның тилге жүйириклиги оның айтқан гәплеринен көринеди:

«—Едил—үйдиң есиги,
Елим, кеңес салмадың.
Жайық—үйдиң жапсары,
Жайықта кеңес салмадың...
Едилден берман өткенде
Ел болып кеңес салмадық,
Жайықтан берман өткенде
Жыйналып кеңес қурмадық.»[1]

[1] Сонда, 61-бет.



Сарышаның бул мәнили гәплери оның жас болса да билимли ҳәм ойшыл екенлигинен дерек береди, оның батырлығын тастыйықлайды. «Мәспатша» дәстанындағы Айпарша да душпанларға қарсы бир өзи саўашқа түседи, ол Мәспатшаға қарап:

«—Қара шашым бестен таллап түйейин,
Атам берген ақ саўытты кийейин,
Қорқақ болсаң—турың таўды паналап,
Душпанларға өзим атты салайын»,—

деген еди өзиниң мәртлигин билдирип.[2] Сарыша ҳәм Айпарша сыяқлы батыр қызлардың қаҳарманлығы ҳеш қашан умытылмайды, олардың әжайып образлары бәримизди жақсылықларға ҳәм мәртликлерге баслайды!

## «УЛУҒБЕК ҒӘЗИЙНЕСИ»

XV әсирде өмир сүрген уллы илимпаз ҳәм патша Мухаммед Тарағай (Улуғбек) он үш жасар пайытында-ақ тахтқа минген еди. Ол ҳаққында жазыўшы Ә. Яқубов «Улуғбек ғәзийнеси» романын жазған.[3]

[1] Қарақалпақ фольклоры.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1980, 382—383-бетлер.
[2] Қарақалпақ фольклоры.—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1982, 101-бет.
[3] Яқубов Ә. Улуғбек ғәзийнеси. — Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санаъат нашриёти, 1978: Нөкис: Қарақалпақстан, 1983, 376 бет.

Улуғбек ғәзийнеси оғада бай. Ол өз патшалық салтанаты дәўиринде Самарқандта медреселер ҳәм астрономиялық обсерватория салдырды. Оның еки китабының — «Көреге-нийдиң жаңа астрономиялық кестеси» («Зичи жадиди Кураганий») ҳәм «Шыңғызыйлардың төрт улысының тарийхы» (Улусий арбаи Чингизий») мийнетлериниң даңқы пүткил дүньяға жайылған. Оның балалықтан-ақ илим — ҳикметке инталы болғанлығын тарийхшы илимпазлар өз изертлеўлеринде көп жазған еди.

Ә. Яқубовтың романында оның өмириниң соңғы жыллары сөз қылынады. Улуғбек өзиниң китапханасында жыйналған барлық баҳалы китапларды саўатсызлардан қутқарып қалыўды шәкирти Әлий қусшыдан өтиниш етеди. Бул — жүдә қәўипли жумыс еди, бирақ билимли шәкирт өз басын өлимге тигип, усындай қыйын ўазыйпаны өз мойнына алады. Әлий мәрт болғаны ушын да устазы оған исенеди: «Сени бул дәрўаҳқа шақырғандағы мүддә соннан ибарат: қырқ жыл салтанат тербетип, арттырған байлығым, расадхана (обсерватория—Ө. Ҳ.) ҳәм китапханам, жазылған ҳәм еле тамамланбаған рисала ҳәм китапларым — ҳәммеси сениң қолыңда. Әлқысса, бул ғәзийнени... сақлап қалмақ... тек сениң ықтыярыңда! Бирақ... — Мырза Улуғбек қолларын көксине қаўсырып, шәкиртине сын көз бенен қарап турды. — Бирақ, есиңде болсын, оғада қәўипли жумыс бул!

— Билемен, устаз». (17-бет).

Шәкирт Әлий өз өмирине қәўип-қәтер туўылса да китапларды саўатсызлардан жасырып үлгереди. Оған Улуғбектиң тағы бир сүйикли шәкирти — Мийрам көмеклеседи. Оларға илим — билимниң әҳмийетин түсинетуғын көп ғана адамлар жәрдем береди. Әлий ҳәм оның қасындағылардың дәўжүреклиги және тапқырлығы арқасында ғана теңи тайы жоқ қымбат ғәзийне — Улуғбектиң китаплары аман сақлап қалынады, сол заманда жасаған бираз надан адамлар оларды отқа өртеп, жоқ етиўди ойлаған еди. Шәкирттиң қаҳарманлығы нәтийжесинде устаздың мийрасы келеси әўладларға жетип барады.

Б. Ахмедовтың «Әмир Темур» атлы күтә көлемли тарийхый романында Улуғбектиң балалық жыллары баян қылынады.[1] Жазыўшы оның зийреклигин, зейинлилигин, қаршадай гезинен-ақ билим кәнин ийелеўге умтылғанлығын көрсетеди. Бала шағынан-ақ илимге қумар болған талантлы Муҳаммед уллы адам болып жетилиседи.

О. Бекбаўловтың «Беруний» романында да уллы илимпаздың өмир жолы жыр етиледи.[2] Берунийдиң жулдызлар сырын билген әжайып илим ийеси болыўында оның устазының — Әбиў Насырдың орны гиреўли. Әбиў Насыр ядыкеш ҳәм түсимпаз балаға илим-ҳикмет сырларын үйретиўден шаршамайды күни-түни жанынан қалдырмай, оның талантын раўажландырады. Беруний де әўладларға бийбаҳа ғәзийне қалдырды. Романда оның аўыр илимий изленислерин көрсетиўге автор күш сал-

---

[1] Ахмедов Б. Амир Темур. — Тошкент: Абдулла Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти. 1995, 640-бет.

[2] Бекбаўлов О. Беруний. —Нөкис: Қарақалпақстан, 1972, 240-бет.

ған: «Базда қолына қуралларын алып, Кят қаласының узақ шетине таң сәҳәрде шығып кеткенинен, қара иңирде үйге киятырғанын көресең... Өйткени өзи оқыған жоллар ҳаққында китаплардан алған мағлыўматлары менен тәнҳа өзиниң есаплап шығарған есаплары арасында әдеўир-әдеўир парықлар келип шыға береди... Сөйтип, орта әсирлик гейпара илимпазлардың мәселениң түп мәнисине түсинип алмастан, оның үстиртин ҳәм улыўмалық белгилерин ғана шамалап билиўге қумарлылығын жас илимпазды қанша машақатқа қалдырды...» (33—34-бет).

Муҳаммед өзи таңлаған мәселени еринбей үйренеди, ҳәр бир қубылыстың сырын билиўге урынады. Ол өзин ойландырған нәрселер ҳаққында устазы менен пикир алысады»: — «Әлбетте, Мухаммеджан! Саяхатшы алымлардың көпшилиги айырым нәрселерди екинши, бәлки үшинши адамның еситиўи бойынша-ақ жазған болыўы итимал. Мәселениң шуқ-шуғына жетип болып жазғанлары да бар ғой. Солай да, сениң саррас есабың менен олардың арасында парықтың болыўына мениң исенимим кәмил, — дейтуғын еди өз шәкиртинен кеўли тоқ дамолласы». (34-бет). Әбиў Насыр менен оның тынымсыз шәкирти Берунийдиң илимдеги изленислери әсирлерге мийрас болып қалды. Беруний «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» («Осор ул бакия ан ал курун ал халия»), «Ҳиндлердиң ақылға сыймайтуғын ҳәм сыятуғын тағлиматлары ҳаққында» («Китаб таҳқиқ молил ҳинд мин макула фи-л-аклва-л-мирзула»), «Хорезм ҳаққында сәўбетлер» («Китаб ул мусаммира фи ахбори Хоразм), «Хорезмниң даңқлы адамлары» («Мошохири Хоразм») тәризли китапларын жазып қалдырды. Беруний ғәзийнеси әўладлар тәрепинен жоқары баҳаланады. Улығбек ғәзийнеси де сол Беруний мийрасының даўамы сыпатында дөретилгенлиги мәлим. Еки уллы илимпаздың да өмири мәртлик жылнамасы сыпатында үйрениледи.

Илимпаз Джордано Бруноны китаплары ушын отқа өртеген еди... Галилео Галилей де көп қуўғынға ушырады, оны қыйнады, бирақта ол өз илимий жаңалықларын бийкарламады, қайтама «Бәрибир, Жер Қуяш дөгерегин де айланады!» деп әлемге жар салды... Беруний де қуўдаланды, узақ үлкелерге қашты, саўатсыз адамлар мәрт алымды тыныш қоймады, бирақ ерки мийтиндей беккем инсан өз жолынан қайтпады. Беруний қайда жүрсе де илим менен шуғылланды, китаплар жазды, басына түскен барлық тәғдир қысыўметлерин мәрдана жеңип шықты. Улуғбек те турмыс сынақларынан жеңимпаз болып шықты... Еки уллы алымнан да баҳасы артықмаш ғәзийне — терең илимий китаплар қалды... «Беруний» тарийхый дөретпесинде илимпаздың тилинен айтылған мынадай сөзлер бар: «Тәбияттың еле адамзат дыққатына мәлим болмаған қанша сырлары бар. Еле биз өмиримиздиң ақырына шекем бул сырларды түсинип үлгермеймиз... Оның астыңғы қабатында адамзат мүтажына асатуғын қанша шексиз ғәзийне бар. Бизлердиң илим дәрежесиз елеге шекем усы ғәзийнениң қулпының гилтин адамзат қолына тапсырыў күшине ийе емес...» (186-бет).

Тарийхта ҳақыйқый илимпазлар ретинде Беруний ҳәм Улуғбек исимлери мәңги сақланып қалды. Туран ойпатының дана алымла-

рының өмири ҳаққында еле де романлар жазылатуғынлығы даўсыз, олардың таланты ҳәм билими алдында қаншадан-қанша әўладлар бас ийетуғынлығы, олардың уллы ғәзийнелеринен — китапларынан гәўҳарлар излейтуғынлығы тақыйық! Беруний ғәзийнеси! Улуғбек ғәзийнеси! Уллы бабаларымыздың мийраслары бийбаҳа!

## ШЫРАҚ ӘПСАНАСЫ

Әййемги дәўирлерде жасап өткен, туўылған елди душпанлардан өз мәртлиги менен қорғап қалған Шырақ әпсанасы бүгинги күнде де умытылмаған. Жас шопан Шырақтың тистырнағына шекем қуралланған жаўдан қорықпай, жалғыз өзи оларға қарсы шыққанлығы туўралы әңгиме — әсирлерден әсирлерге кәшип, XX әсирге де жетип келди. «Болар бала бес жасынан белгили» дегендей, әййемги әпсанада Шырақтың қаршадайынан адамлардың аўзына түскен шешен болғанлығы, жап-жас болып таңлайы тақылдап тақыўа ғаррыларды да сөзден жеңгенлиги айтылады, есап-сансыз басқыншылардан қорқып, бағыныўды ойлаған қорқақларға бир өзи қарсылық көрсетип, қыя шөллерге қойларын айдап, қанхор әскерлер алдынан жападан-жалғыз шығып еткен қаҳарманлығы жырланады. Халық тәнҳа өзи қурал-жарақлы душпан ордасына барып, олардың бәрин қырып, адамларды да, туўған жерди де аман алып қалған жас баланың ерлигине бас ийген, «Дәўлетлиниң баласы он бесинде баспан дер, бийдәўлеттиң баласы жигирма бесте жаспан дер» деп,



оның жаслығынан-ақ ел тәғдийрине жаны ашыған пидәкерлигине тәжим қылған! Оның аты жас батыр сыпатында көп журтларға жеткен. Қылышлар, найзалар, оқ жайлар менен қуралланған басып алыўшылар арасына барғанда Шырақ шопан жарақсыз болған, қолында тек ғана қой бағатуғын таяғы бар еди. Оның жарағы да, қуралы да — ақылы еди! Ол бөбекликтен-ақ дәстанлар тыңлады, қосықлар еситти, ертеклерге қулақ қойды, киндик қаны төгилген қәсийетли ана топырақты қорғап жан берген баҳадырлардың өмири оны руўхландырған, Уатанның уллылығын уғынған, ата мәканды қорғаў ҳәр бир азаматтың ўазыйпасы екенлигин түсинген еди. Барлық душпан әскерин еспе қумларға алып кетип, суўсызлықтан ҳәм ыссыдан қырылатуғынлығына ҳәм адасқанлығына көзи жеткен жаўызлар жыртқышларша қутырып, қәҳәр-ғәзеп пенен ержүрек шопанды ортаға алғанда да саҳра жолбарыслары менен аралаксып өскен бала албырамаған, сансыз жаўды писент етпей көкирек керип тура берген. Тырнағының ушына дейин күйинип кеткен ләшкер басы аўзына сөз түспей:

— Сен... сен муштай бала... қалай қара басың қорықпай... — деп бақырғанда да, жолбарыс жүрекли жас өспирим салдаманлы түрде;

— Мен жалғыз емеспен! Маған Ана — Жер өзи жәрдем берди! — дегенде сан мың аламан тил тислеп қалғанлығын шежире аталар XX әсирде айтып, шунатайдай баланың дилўарлық ҳәм ақыллылығына қайта-қайта бас шайқап отыратуғын еди! Данышпан халық «Ер жигит ели ушын туўылады, ели ушын өледи!» деген нақылды бийкарға айтпаған.

Уллы шайыр Бердақ та өзиниң «Амангелди» дәстанында:

— «Астырды дарға Асанды,
Ел деп Асан берди жанды...
Оны өлтирген залым ханды,
Гелле қылды Амангелди.
Амангелдидей болмаға,
Барып ханнан қан алмаға,
Гелле кесип, жан алмаға,
Қай бириңниң шамаң келди?!» —

деп қос батырдың қаҳарманлығын жыр қылған еди.[1] Асан да, Амангелди де Шырақтың ерлигин даўам еткен ел перзентлери еди.

Профессор Қ. Мақсетов «Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери» китабында Шырақ ҳаққында шығарманы «Әййемги эпос» деп жоқары баҳалайды.[2] Шырақ ҳаққында әпсана грек тарийхшысы Полиенниң «Әскерий ҳийлелер» шығармасында орын алған.[3] Онда Шырақтың Иран шахы Дара (Дарий) әскерлерин Қызылқумға алып кетип қырғанлығы айтылады. Бул ўақыялар бизиң эрамызға шекемги 520—518-жыллары жүз берген. Шырақ шөлистанға баслап барған зулым душпан шөлден, аштан қырылып қалады. Олар Шырақты өлтиреди... Мәрт жигит өзи қурбан болады, бирақ ел-халық азатлығын сақлап қалады. Тарийхта өткен Шырақ

---

[1] Б е р д а қ. Таңламалы шығармалары. — Нөкис: Қарақалпақстан, 1987, 169-бет.
[2] М а қ с е т о в Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. — Нөкис: Билим, 1996, 7-бет;
[3] Каримов Ш., Шамсутдинов Р. Ватан тарихи.— Тошкент.: Ўқитувчи, 1997, 48-бет.



Ўатанға хызмет етиўши инсан тымсалы болып қала береди. Жазыўшы М. Осим де өзиниң «Шырақ» дөретпесинде усы әпсана негизинде оның көркем образын дөретти. Шырақтың ел ушын өз өмирин аямай, мәртлерше гүресиўи ҳәммени, ҳәттеки, душпанлардың өзлерин де ҳайран қалдырады. Әсирлер, жыллар өтеди. Лекин, даңқлы Шырақ аты ҳеш қашан умытылмайды. Оның ерлиги Туран перзентлерин қаҳарманлыққа баслайды.[1] «Орхон—Енисей» жазба естеликлеринде, қулпы тасларға ойып жазылған жазыўларда Күлтегин деп аталған жас батырдың мәртлиги сөз етиледи: «Күлтегин азман атын минип саўашқа атланды, алты жигитин шанышты, жети жигитин қылышлады».[2] Күлтегин қазаланды... Онын өлимине байланыслы:

«Көрер көзим көрместей,
Билгир ақлым билместей
Қатты қайғырдым...
Халқымның тиреги,
Белимниң мәдары
Жеткиншегимнен айрылдым, —

«деген қатарлар қалған (33-бет). Шырақ туўралы да халықтың әпсанасы сақланған, бул — мәртлик жылнамасы!

---

[1] Осим М. Широқ. — Тошкент.: Ёзувчи, 1995 19—24-бетлер.
[2] Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. — Нөкис.: Билим, 1993, 33-бет.

# ӨТМИШ САБАҚЛАРЫ

Өтмиште жасап өткен уллы инсанлардың — халық басқарған көсемлердиң, елди ҳәм туўған жерди қорғаған батырлардың, ақыл-нәсият сөз айтқан шайырлардың, шешенлердиң өмир жолын үйрениў арқалы турмысты ҳәм Ўатан ушын жасаўдың мәнисин түсинемиз.

Бурында өмир сүрген атақлы адамлардың өмир баянында жас әўладты мәңгиликке умтылыў руўхында тәбиялаўға жәрдем ететуғын әжайып беглер дым көп. Олардың ҳәр бир мәртлик иси менен ҳәр бир дана сөзи келешек әўладқа арналған.[1]

Әййемги дәўирдеги естеликлер есапланған Орхон—Енисей жазба естеликлеринде де бала гезлеринен-ақ өзлериниң айрықша қүдирети менен белгили болған қаҳарманлар ҳаққында, ел-журтты душпаннан сақлаған мәрт жаслар[1] туўралы жазылған. Елтерис, Билке қағанлар ҳәм Қултегин батырлардың ерлик ислери тасқа ойып қалдырылған:

«— Жетпис батыр жигит болыпты,
Жаўға бөридей атылды...
Күн-түни жаў менен айқасып
Түрки атынан айрылған халықты,
Ата-бабасының мәканына
Қайтадан алып келди».[1]

Әсиресе, Қултегинниң қорықпай саўашларға түсиўи оның нағыз халық сүйген батыр болғанлығын дәлийллейди;

---

[1] Садықов А. Бостансыз бүлбил. Нөкис.: Қарақалпақстан 1988 ж. 320 б. Султанов А. Дөҳмет. 1986 ж. 320 бетлер.

[2] Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. — Нөкис.: Билим, 1992, 31-бет.



«— Култегин жаўға жаяў атланды...
Оның жарағы менен саўытына
Жүзден артық найза тийди...» (33-бет).

Қултегин туўылған үлке ушын урысларда набыт болады, бирақ оның атын ҳәм халық ушын қылған хызметлерин адамлар естен шығармайды.

«Қорқыт ата китабында» да жас батыр Ораздың өмири жөнинде айтылған. Әкеси Салархазан ең күшли жаўынгер болған. «Ол баласы Оразды тасаға жасырып қойып, өзи жаў менен алысып кетеди. Бала әкесиниң батырлығына оғада разы болады. Соңынан өзиниң де балалығы тутып кетип, саўаштың ең қызған ўағында бул да араласып кетеди. Бирақ, тәжирийбесизлик етип тутқынға түседи. Хазанбектиң қасындағы беклер; «Балаң қорқақ екен, қашып кетти», — деп жала жабады. Бирақ, ең изинде баласы Ораздың да мәрт жигит екенлиги мәлим болады. Ол тутқында жатып атасына қарата;

...— Әй аға, сен берман келме, атың шаршап қалмасын,
Душпанлар көп, сен жалғызсаң, тутқын етип алмасын,
Мен өлимнен қорықпайман, бирақ өзиң аман бол! —

деген сөзлерди айтқан». (50-бет).

XI әсирде жасаған Юсип хас Хажибтиң «Бахытқа баслаўшы билим» шығармасында да жас ўәзир Күнтуўды образы берилген. Дөретпедеги даналық сөзлери кимди болса да тәсирлендирмей қалмайды;

«— Өмирге мийрасдур даналар сөзи.
Сөз бенен ашылар ақылдың көзи» (84-бет).

«— Енди келди сениң гүрес нәўбетиң,
Жақсылыққа толтырғайсаң жер бетин.
Жақсыны гүл етер халықтың алғысы,
Жаманды қум етер елдиң қарғысы». (85-бет)
«— Билимсизлик бир апатқа жолығар,
Билимлилик жасқа қарай толығар». (85-бет)

М. Қашғарийдиң «Түрк сөзлери жыйнағы» китабында болса бәрше түркий халықлардың батырлық ҳаққында қосықлары берилген. Батырлар тилинен баян етилетуғын төмендеги қатарлар оқыўшыны таңландырады;

«— Ғәзеп пенен атландым,
Арыслан киби тапландым,
Батырын жығып баспладым,
Енди мени ким тутар?
Саўашларда алыстым,
Сәркардаға жабыстым,
Қасқа атта атыстым,
Естен шықпас сол күнлер.
Жаўдың тобын айырдым,
Алптың мойнын қайырдым,
Бир нешшесин майырдым,
Алдым алтын — гүмисин». (93-бет)

Батырлық жырларында олардың қайтпай саўаш майданларына шығыўы ҳәм ғайрат пенен жеңимпаз болыўы айтылған.

XII әсирде жасаған Ахмед Югнакийдиң «Ҳақыйқатлар сыйлығы» китабында батырлық ҳәм билимлилик бирге қойылады, ҳәр қандай жасқа илим үйрениў керек деген ақыл айтылады. Әсиресе, китаптағы «Илим менен дүнья қызықлы болар», «Даналардың болар билим байлығы» деген қатарлардың мағанасы жүдә терең. Ахмед данышпан ҳәзирги замандағы әўладларына қарата;



«— Жолдас болғай саған бәрҳа билимли,
Билим менен бахыт жолы ашылар.
Билимли ислер мың адамның жумысын,
Билимли дүньяны көркейтер тағы,
Соның ушын бәлент болар атағы,
Билимли өлсе де аты өлмейди,
Илим қәдирин үйрен бәрҳа данадан», —

деген даналық сөзлерин айтып кеткен. Шынында да, батырлық ҳәм билимданлық адамға зәрүр ең тийкарғы пазыйлетлер екенлиги бәримизге белгили.

XIV әсирде жасаған Бурханатдин Рабатий Насратдин Рабғузийдиң қыссаларында да пайғамберлердиң өмириндеги мәртлик ислери туўралы сөз болады. Қутубтың «Хысраў ҳәм Шийрин» дәстанында болса таўдан дәрьялар қазып, қалалар қурып, елатларды абат еткен Фарҳад батырдың қайталанбас өмир баяны бар. Абулғазы Баҳадурханның «Түрклер шежиреси» китабында халықтың қаҳарман перзентлериниң туўылыўынан баслап турмыс тарийхы жазылған.[1] «Уғызханның дүньяға келгениниң тәрийпи» деп аталған бапта оны; «Көркемлиги айдай ҳәм күннен артық», — деген сөзлер менен тәрийп етеди (13-бет). Жәҳәнге мәлим Шыңғысханның да тәғдийри толық сөз болады: «Шыңғысхан он үш жасына келгенде жаў көп болды. Көп атысып, шабысты», — деген қатарлар бар (44-бет). Абулғазының өзиниң де өмириндеги батырлық ислери туўралы бул шығармадан бираз мағлыўматлар алыўға болады.

[1] Абулғазы. Түрклер шежиреси. — Нөкис: Билим, 1994, 180-бет.

XIV әсирде өмир сүрген Соппаслы Сыпыра жыраўдың толғаўларынан да мәниси терең қатарларды көплеп табамыз. Ол былай деп толғайды;

«Бай баласы байға усар,
Байланбай өскен тайға усар.
Бий баласы бийге усар,
Бийик-бийик таўға усар.
Қул баласы қулға усар,
Қулағы кесик итке усар».

Бунда бала тәрбиясына байланыслы пикир жүргизилгенлигин көремиз.

Асан қайғы лақабын алған жыраў бабамыз әўладларына ойланып сөйлеўди нәсият етеди;

«Таза минсиз ҳасыл тас,
Суў түбинде жатады,
Таза минсиз ҳасыл сөз,
Ой түбинде жатады».[1]

Жыраў ҳәм батыр болған Доспанбет бабамыздың өзиниң толғаўларынан-ақ оның өмириндеги қаҳарманлық ислери ҳаққында биле аламыз, ол урыс-қағысларға көп түскен, өзиниң күш-қудирети менен адамларға аты танылған;

«Алты қулаш ақ найза,
Шөкелеп шаншар күн қайда?
Садақ толы сансыз оқ,
Сабағынан өткерип,
Басып тартар күн қайда?» (82-бет)

[1] Мәмбетов К. Қарақалпақ толғаўлары. — Нөкис.: Билим, 1995, 75-бет.



Доспанбет батыр менен оның иниси Аймедет батыр жарадар болып қалады, сонда ол;

«— Арғымаққа оқ тийди,
Қыл майқының түбинен.
Аймедетке оқ тийди,
Отыз еки омыртқаның буўынынан.
Зуўлап аққан қара қан,

Тыйылмайды жонның оқ тамырынан,
Сақ етип тийди саныма,
Қатты батты жаныма,
Жарадар болдым жан татлы». (82-бет)

Доспанбет әзийз ана диярын шын жүректен сүйген батыр еди;

«Небир-небир жигитлер
Батыр болып өскен журт.
Киндигимди кескен журт». (83—84-бетлер)

Доспанбет «Ерден шыққан ер болар» деп қаҳарманлықты күтә қәдирлейди.

Мүйтен жыраў да ер жүрек инсан болған. Оның өзи мийрас етип қалдырған толғаўларынан буны аңғарыўға болады;

«— Қылыш байлап белиме,
Түстим жаўдың кейнине.
Қуўып жеттим қашқанды,
Нышқырт еттим душпанды». (90-бет)

Оның парахатшылықты сақлаў ушын бастырып келген душпанларға қарсы сескенбей саўашлар қурғаны белгили;

«— Сыр бойында ат шаптым,
Сары жайдан оқ аттым,
Көп қалмақты сулаттым,
Халықты өзиме қараттым.

Ел ағасын сыйладым,
Елден әскер жыйнадым,
Биригиўге халықты,
Көп күшимди жыйнадым.
Айбалтаны қолға алып,
Арқырап турып жуўырдым,
Жер танабын қуўырдым». (91-бет)

Мүйтенниң жигерли жасларды руўхландыратуғын шығармаларын халық атадан-балаға өткерип, бизиң заманымызға дейин көз қарашығындай қәстерлеген. Оның миллеттиң қаҳарманлығын тәрийплеп айтқан «Қылышы болар белинде, себеби жаў көп елинде» деген еки қатар толғаўын ҳәмме ядтан биледи. Мүйтен батырлықты жоқары баҳалады, «Шөкелеп шаншар-ақ найза батырларға сый болар» дегенде ол мәрт жигитке ылайық қуралдың да кереклигин нәзерде тутқан. Мүйтен өз толғаўларында уллы ата-бабалар қаҳарманлығын мақтаныш пенен жыр қылған:

«— Ер Едиге тусында
Бабам қайсар ер еди,
Нуратдинниң тусында
Батыр ноғай дер еди». (88—89-бетлер)

Даңқлы өтмиш жылнамаларында батыр бабаларымыздың мәңгилик ислери сақланып қалған. Әсиресе, жыраўлар Орманбет бийдиң жолбарыс жүрекли, нағыз ел ардақлаған перзент болғанлығын жырлап, көп санлы толғаўлар қалдырған:

«— Отыз жигит бар жерде
Оданбасы Орманбет,
Жәўҳар жүзик бар жерде
Гәўҳар қасы Орманбет,
Елли батыр алдында



Ең қырағы Орманбет,
Сексен батыр алдында
Шамшырағы Орманбет,
Жүз жүйриктиң ишинде
Арғымағы Орманбет,
Мың жүйриктиң ишинде
Маңлай алды Орманбет».[1]

Өтмиш тарийхта бундай баҳадырлар көп болды. Данышпан халық:

«— Батыр жигит мақтанса —
Жаў алдына бардым дер,
Дәрья болып тастым дер,
Барын тарпа бастым дер,
Туўды үстине шанышты́м дер,
Сәркардасын сулайтып,
Басшысын дарға астым дер,
Ләшкерлери көп екен,
Мен араны аштым дер», —

деп өз термелеринде батырлықтың белгисин атап өткенлиги белгили. Өсип киятырған балаларға:

«— Жигит болсаң батыр бол,
Жаў жеңгендей жапырып,
Душпан бәрҳа айбынсын,
Аяғыңа бас урып», —

деп нәсият айтылады. Тағы да:

«— Ерлик пенен елжиреп,
Батыр туўған ер өсер,
Батыр елдиң даңқы өсер!»

деп даналық сөз мийрас қалған. Өтмиште өткен батыр бабалардың мәртлиги мәңгиге сақланады!

---

[1] Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. — Нөкис.; Билим, 1992, 208-бет.

## НУРАДДИН БАТЫР

Қарақалпақ халық дәстанларында батырлар образлары дым көплеп дөретилген. «Алпамыс», «Қоблан», «Мәспатша», «Гөруғлы» дәстанларында олар тийкарғы қаҳарманлар қылып алынған, «Едиге» дәстанында болса тарийхта өткен ҳақыйқый халық баҳадырларының — Едиге батырдың ҳәм оның жалғыз перзенти Нураддин батырдың образлары жасалған.[1] «Ер Шора» дәстанында да Шора батыр, «Дәўлетиярбек» шығармасында Дәўлетияр батырлар өмир сүрген адамлар екенлиги мәлим.

Нураддин батырдың — бала батырдың өмири айрықша қызығыўшылық туўдырады. Оның ғайрат — күшке толып, бес жасар гезинен-ақ өзин көрсетиўи дөретпеде сөз етиледи. Нураддинниң мәртлиги оның алты айшылық жолдан Соппаслы Сыпыра жыраўды алып келиўинде де көринеди. Узақ жолда бир өзи сапар шегип барған жас баланы жыраўдың отыз шаўлығы өлтирмекши болады: «Отыз баласы Нураддинниң отыз жағынан барады. Нураддин онда-мунда теңселди, жүрди. Бабаның балалары Нураддинниң тум-тусынан шоқмар урды. Нураддин барлығын урып қулатты. Бирин-бирине қоспай сулатты. Аўылдың арасын бөлинген қойдай шуўлатты». (261-бет). Бунда он төрт жасар қаҳарманның жат жерде бир ғана өзиниң сонша адамды жеңиўи көрсетиледи. Нураддин өзине қастыянлық ойлаған жаман адамлардан қашып Сәтемирдиң елине (Әмир Темур патшаға) әкеси Едигени излеп барады. Өз алдына қойған мақсетине қалай болмасын ерисиўди гөзлеген бала батыр жол азабына да, жалғызлыққа да көнеди. Ол атасын табады. Екеўи бирге жаўларды жеңеди. Оның саўашлардағы жигерлилиги, шаққанлығы ҳәммени таң қалдырады. Едиге де оның қүдиретине исенеди:

> «— Нураддинди шақырды,
> Аш жолбарыстай ақырды.
> — Айланайын, Нураддин,
> Аллаң берди, мурадың,
> Гезек келди сенлерге,
> Атлан-атлан, шырағым!» (353-бет).

Нураддин ҳаслан егленбей, өзин урысқа баслайды:

> «— Әжеп болар, Ата, деп,
> Сары ала атын ойнатып,
> Полаттан суўлық шайнатып,
> Жигер тасын қайнатып,
> Алғыр қустай қунтыйып,
> Нураддиндей жалғызы
> Шаўып келди алдына,
> Атасына бас ийип,
> Алыў мақсет намыс-арын,
> Таўдай тастырып жигерин». (353-бет)

Нураддин өзиниң шын мәрт екенлигин билдиреди, өзине жаманлық қылған пәс адамлардан ашық саўаш майданында өш алыўға таяр турады. Ер жүрек атасы Едиге де оны усындай әдилликке шақырады, оның урысқа араласыўына рухсат етеди:

---

[1] Едиге. — Нөкис.; Қарақалпақстан, 1990, 98 бет.

«— Нәўбет саған қарады,
Душпанларыңа ғайрат сал,
Ендиги нәўбет сеники,
Өшлилерден өшиңди ал.
Балам, саған урықсат!
Асқар таўым, айбатым,
Тастыр жигер, ғайратың,
Ендиги гезек сеники,
Бассын жаўды саўлатың!» (354—355-б.)

Атасынан жуўап алған жас палўан саўашқа түседи, жеңимпаз болып шығады:

«— Қуллық айтып Нураддин,
Ат салып кирди қалаға,
Ат мойнына тумар тақты,
Ер жолдасы қәдир ҳақты,
Кескир семсер қолға алып,
Тар көшеде атлар шапты». (355-бет)

Он төрт жастағы бала батыр тек өзи саўаш қурады:

«Жекке өзи ат ойнатып келеди
Тоқтамыстың шәҳәрине,
Ноғайға қылыш урады,
Әжеллисин өлтирип,
Мийнетлисин бүлдирди». (85-бет)

Усылайынша Нураддин бала өзиниң қаҳарманлығын халыққа көрсетеди. Бала батырдың таўсылмас күш-жигерине, өткир ақылына және дилўар сөзлилигине адамлар қайыл қалады. Өзиниң айрықша қарыўлылығы менен бала ўақытларынан-ақ аты шыққан Нураддин тарийхта өз орнына ийе. Оның өмир жолы еле үйрениледи.

Нураддинниң исин даўам еткен, өзлериниң батырлығы менен танылған мәртлер аз болмаған. Бердақ шайырдың «Шежире» дәстанында да көп санлы халық батырларының атлары тилге алынады, әсиресе, Хожаназар батырдың ерлиги йош пенен жырланады:



«...Сәрдарыны тирилей тутып,
Хожаназар батыр алған екен,
Хийўалы менен қас болып,
Хожаназар бас болып
Қурт ойынын салған екен».[1]

«Үш бас батыр» деп аталған рәўиятта да Хожаназар батырдың тоғыз жасар пайытындағы өмири сөз етиледи.[2]

Бердақтың «Амангелди» дәстанында да батыр образы берилген, шайыр оның ер жүреклилигин:

«Барып душпанды өлтирди,
Мәртлигин журтқа билдирди
Арыслан туўған Амангелди»,

— деген қатарларда анық көрсетеди.[3]

Қарақалпақ миллети тарийхында аты қалған батырлардың бири Ерназар еди. Ол ҳаққында Бердақ «Ерназар бий» дәстанын дөретти, Т. Қайыпбергенов «Түсиниксизлер» романын жазды. Қ. Султановтың «Әжинияз»,

---

[1] Бердақ. Таңламалы шығармалары. — Нөкис.; Қарақалпақстан, 1987, 298—299-бетлер.

[2] Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери. — Нөкис.: Қарақалпақстан, 1992, 35—38-бетлер.

[3] Бердақ. Таңламалы шығармалары. — Нөкис.: Қарақалпақстан, 1987, 168-бет.

Қ. Ермановтың «Өткен күнлер» ҳәм А. Садықовтың «Бостансыз бүлбил» тарийхый шығармаларында да бул әжайып инсанның қаҳарманлыққа толы өмиринен гейпара орынлар алынған.

Бердақ оның өр көкиреклигин, айбатлылығын қосыққа киргизди:

> «Саўаш күни жылғал таслап,
> Сәрдар болып жыйын баслап...

Ерназар бий де Нураддин қусап жаслай саўашларға түседи. Нураддинниң анасы Қарақас айым мудамы жалғызын ерликке баслайды. Ерназардың шешеси Қумар аналық та бәрқулла перзентин мәртликке руўхландырады.

Қ. Мәмбетовтың «Бозатаў» романында да Нураддинниң қайсар әўладлары — Маштақ ҳәм Жәмекей батырлардың образлары бар.[1]

Оларды жазыўшы былайынша тәрийиплейди: «Маштақ Қоңырат әтирапындағы гүреслерде арқасы жерге тиймеген палўан болыўы менен бирге, оқ атыўда теңи жоқ мерген, қылышласыўда алдына адам салмайтуғын шәпик жигит еди. Душпанды көрсе арқасы қозып кететуғын әдети және бар. Бекиредей басы тасқа тиймесе қайтпайтуғын ер жүреклилиги жағынан айрылып турады. Жәмекей батыр жас ҳәм қызба жигит еди». (167-бет). Маштақ батыр менен Жәмекей батырдың да даңқлы ислери халық ядында қалған.

Нураддин батырдың өмири туўралы тарийхый китапларда да әдеўир жазылған. Тарийхта өзиниң қаҳарманлығы менен белгили болған бул инсанның өмир баяны еле де толықтырылатуғынлығы тақыйық. Ол өз өмиринде көп машақат шекти, бала гезлеринен-ақ өтирикши ҳәм қызғаншақ адамлар оны көп қуўдалады, лекин ақыл-ҳуўышлы және жолбарыс жүрекли жас өспирим олардың ҳеш қайсынан қорықпады. Оны жақсы адамлар қоллап-қуўатлады. Ол өзиниң мәртлиги менен халық сүйген ҳақыйқый батыр болып жетилисти!

---

[1] Мәмбетов К. Бозатаў. — Нөкис.: Қарақалпақстан, 1986, 3—184-бетлер.

## БАЛАЛАР ҲӘМ ЭКОЛОГИЯ

*(И. Юсуповтың публицистикалық лиракалары мысалында)*

И. Юсуповтың 1986—95-жыллардағы шығармаларының көпшилиги тийкарынан адамзаттың негизги мәселелерине арналған. Оның 1992-жыл жарық көрген I, II том таңлаўлы шығармалары жыйнағы, «Дәўир самаллары» атлы китабына кирген шығармаларында заман, ўақыт алдындағы жуўапкершилик ҳаққында ашық пикир жүргизиледи. Оларда дәўирдиң жаңалықларына үн, қосыў, адам санасындағы өзгерислерди барлаў, адамыйлық пазыйлет машқаласы биринши орында турады. Әсиресе, бул топламға кирген. «Бул жер еле зор болады», «Плаха излеп», «Арал элегиялары», (1988), «Қыйын хал» (87), «Амира азаплары», «Қайта қурыўдың балларына» (1988), «Корабльлер қойымшылығындағы елес», «Молокультура ҳаққында қосық» (1989), «Сағалаяқ» (1986)[1] деген қосықлары адам жанын ашытатуғын публицистикалық руўхта жазылған.

[1] Юсупов И., таңламалы шығармаларының 2-томлығы 1-2 том.



Шайыр — өз дәўириниң перзенти.

80-жыллардың екинши ярымының лирикаларының баслы темасы, экологиялық, сиясий, миллий ояныў, руўхый жаңарыў, өткендеги қәте-кемшиликлерди сапластырыў тийкарғы мәселелер болды.

Бул тарийхымызға тереңнен үңилип ҳәзирги дәўиримизде ушырасып атырған қыйыншылықларға нәзер тасласақ, жигеримиз сынған, руўхый түскиншиликке түскен аянышлы ҳәсиретти көремиз. Бул усындай қыйыншылықтың тийкарларының баслысы Арал—Әмиў апатшылығы екенлигин сөзсиз уғамыз. Өйткени, неше әсирлерден бери халқымызды өзиниң мол байлықлары менен асыраған, тәбиятымыздың ең жарасықлы бир ағзасы экологиялық тең салмақлылықты сақлап, жәмийетимизге хызмет етип киятырған Әмиў ҳәм Аралдың суўлары тартылып, аянышлы ҳалға түсиўи оның жағасында жасап атырған журтшылыққа психологиялық, руўхый тәсир жасады. Оқыўшыға эмоциональлық тәсиршеңлигин күшейтеди. Олардағы көркем ой, үйлесимли сюжет, тартымлы лирикалық образ оқыўшыларды трагедия майданына жетелеп, ол ҳаққында терең поэтикалық түсиникти пайда етеди. Шайыр:

«Биреўлер — ийеси мийримли жүздиң,  
Биреўлер — ийеси тойымсыз көздиң,  
Биреўлер — қурыўын тилеп теңиздиң,  
Соннан ләззет алып сулыўлық көрер».

Және де шайыр усы апатшылықтың айыпкерлерин өзинше излеп таппақшы болады. Мысалы:

«Сени сум әжелге еткен гирипдар,
Үш жаўыз қылмыскер еле де жасар,
Ҳеш ўақ қолға түсип сотланбас олар,
Ҳеш прокурор оған айып тағалмас».[1]

«Ол үш жынаятшы арамызда бар,
Бири бийпарўалық медузалары».[2]
«Бири — өзимшиллик тәккабыр жар тас»,
«— Бири — осамаслық ой жоқ басында».[3]

И. Юсупов публицистикалық усылда көплеген шығармаларын дөретти. Өз шығармаларында халық пенен бирге дәртлести, заман шынлығын дөретти. Арал — Әмиў апатшылығын өз көзи менен көре, жүреги менен сезе билди, солардың салдарынан пайда болып атырған ҳәр қыйлы адам жаны қыйналатуғын кеселликлер, азапларды он жыл бурын демократиялық қайта қурыўдан, ҳәзирги экономикалық кризиске шекемги жағдайларды жүрек төринен шығарып жаза алған шайыр И. Юсупов болды. Өзиниң шығармаларында кейинги жыллары пайда болып атырған экономикалық адамыйлық машқалалар көз боямашылық ҳәм дәўир иллетлерин бириншилерден көре билди.

Халық бир ўақытлары ең үлкен байлығы Арал теңизи менен мақтанып, шайырларымыз өзлериниң шығармаларында сулыў-сулыў қуслары менен, алтындай сазанларын жырлаған болса, енди «кеселленип» қурыған

---

[1] Сонда, 22-бет.
[2] Юсупов И., Таңламалы шығармаларының еки томлығы II том, Нөкис, 1992, «Қарақалпақстан» баспасы, 22 бет.
[3] Сонда, 22, 23-бетлер.



Аралымыздың аўыр апатшылықтан қутылыў «диагноз»ын өзлеринше излеп әлемге жар салды ҳәм салып атыр. Соның ишинде И. Юсупов жемисли мийнет етти. Мысалы усы трагедияға байланыслы: «Бул жер еле зор болады», «Арал элегиялары», «Сағалаяқ», «Корабльлер қойымшылығындағы елес»[1] шығармаларында Арал теңизиниң тәғдийри ҳаққында сөз барады.

«Арал элегиялары» қосығында шайыр суўы қайтқан теңиздиң бар дәртлерин қағаз бетине жайып салады. Мысалы: Бул дәрттен шайырдың емес, улыўма халқымыздың дәрти:

Суўы қумайтланған бир әзим дәрья,
Руўхым арқалы ағып барады,
Демиккен ең соңғы балықлар онда,
Есеңкиреп қалаш қағып барады.

Бурқып аққан ылай суўда сайранлап,
Дәрьядан теңизге булқынып ойнап.
Еркин түсер еди. Жоқ енди ол ўақ,
Суўы кесилген соң нағып барады..?[2]

деген қатарларынан биз теңиздиң ҳәзирги аўҳалын көз алдымызға келтиргендей боламыз. Бурын бурқып, шағлап ағып турған Руўхый — Анамыз Аралдың — Аралымыздың бәлент келбети, мөлдир суўлары, асаў толқынлары көз алдымызда елеслейди.

---

[1] Юсупов И., таңлаўлы шығармаларының еки томлығы I, II-том, Нөкис, 1992, «Қарақалпақстан» баспасы.
[2] Юсупов И., таңламалы шығармарларының еки томлығы, II-том, Нөкис, 1992, «Қарақалпақстан» баспасы, 17-бет.

Соны да айтыў керек, шайыр бундай шығармаларында бундай машқалаларды атап өтпестен, оның пайда болыўындағы тийкарғы себеплерди исенимли фактлер менен ашып береди.

## «АНАҒА ҚАРАП ҚЫЗ ӨСЕР, АТАҒА ҚАРАП УЛ ӨСЕР».

*(И. Юсупов поэзиясы тийкарында)*

Халық бала тәрбиясына айрықша итибар берип, жас әўладтың руўхый бай ҳәм сап денели болып өсиўине күш салады. Бесик жырларынан баслап бөбекке ақыл-нәсияттың ең жақсы үлгилери сиңдириледи. Ата-бабаларымыз «Анаға қарап қыз өсер, атаға қарап ул өсер» деп перзент тәрбиясында ата-ананың жуўапкершилигин нәзерде тутқан. Әсиресе аналардың ден-саўлығының әҳмийети үлкен. Шайырлар өз қосықларында аналар ҳәм балалар ҳаққында жазады, олардың турмыс машқалалары туўралы қайғырады.

Шайыр И. Юсуповты жүректи тебиренткен, оқырманға түсиникли қарапайым халық тилинен шеберлик пенен пайдалана билген көркем сөз устасы сыпатында таныймыз.

И. Юсуповтың ең жақсы лирикалық қосықлары ушын, бәринен бурын, жанлы сөзлер, тәсирли ҳәм нәзик ырғақ, сулыў ҳәм қыйыннан қыйыстырылған уйқас характерли. Күшли сүўретлеў қуралларын иске салыў менен шайыр лирикалық қаҳарманды екинши дәрежели әҳмийетли нәрселердиң арасынан ажыратып алып, дараландырып көрсетеди.



Бул жағдай оның руўхый дүньясының байлығын бериўде, ҳақыйқатлықтың тек бақлаўшысы болып қалмай тиккелей қатнасыўшысы, жан ендириўшиси болып көринетуғын мүмкиншиликлерин тәмийинлеўи менен тығыз байланыслы.

Шайыр И. Юсупов Урыстан кейинги жыллары өзи дөреткен мийўалы жемислери менен миллий әдебиятымыздан орын алып киятыр. Ол усы ўақытқа шекем дөреткен бир қанша қунлы шығармалары менен бирге олардың көркемлик мәселесине де кеңнен кеўил аўдарады. Әўелги жазған дөретпелери оның өзине унамады, олардың бирazын қайтадан ислеп жазып шықты. Оның поэзиясындағы жаңалық қарақалпақ классик поэзиясының ең жақсы үлгилерин өзинше қайта ислеп шығып раўажландырыўдан, рус поэзиясының күшли мазмуны ҳәм қосық қурылысы формаларын миллий қәлипке түсириў, көркемлилик ҳәм тәсиршеңликтиң ишки сезимге келиў жолларына шынығыў жасаў, айрықша өзине өзлестириў көз-қарасынан меңгериледи. Күшли епкин шебер уйқасқа, гейде жазыўшының дүньяға көз-қарасынан туўған сиясий өткирлик қосылып отырады. Бул оны күнделикли жағдайдың ўақыялардың, қубылыслардың жүрегиниң соғыўының шебер бақлаўшысы етти.

Шайыр бизиң заманымыздағы өзимиздиң кәтешилигимизди сезип оны сынға алады. Биз соларды мысал етип көрсетсек, расында да, сол ўақыттағы елимизде басшыларды тек пахта ғана қызықтырды. Адамлар өмири, басқа тараўлар планнан шетте қалды. Басшыларымыздың даладағы мийнетке жан-тәни

менен берилип кеткенлиги сонשелли, ҳеш кимди аўыр мийнет арқалы оны жетистириў ушын ҳәр қыйлы дәрилерден уўланып елимизде көбейип атырған аўырыўлар әжелинен бурын «О дүньялық» инсанлар ҳеш кимди қызықтырмады. Қызыққан жағдайда да ондай мәселелерге араласыўға ўақты жоқ еди. Буның ушын ҳеш ким өзин айыпкер сезбеди. Адамларымыз дузлы шаңғытлар менен бирге ҳәр қыйлы кеселликлерди пайда етиўши зәҳәрли химикатларды жута баслады. Нәтийжеде ҳәр қыйлы аўырыўлар пайда болды.

И. Юсупов өзиниң «Анемия»[1] атлы дөретпесинде:

«Тәниңнен ет қашқан, диңке жоқ дизде,
Көз алдың булдырап айланар басың,
Нур жоқ сол танадай жайнаған көзде,
Жақ суўалып, жанға батқан наўқасың.

Гүзде уўлы шаңын жутып теримниң
Жазғы ыссыларда атызда жүрсең?
Билгени бир «пахта» сениң ериңниң,
Кемпир-ғаррының да шорысы бир сен.[2]

Шайыр усындай дәўир шынлығын айтыў ушын батыл түрде ортаға шығады ҳәм усы машқалаларды кескин түрде оқыўшы жәмийетшилигимизге таслайды.

Публицистика жанры 80-жыллардан баслап

---

[1] Юсупов И., таңламасы шығармаларының еки томлығы, II-том, Нөкис, 1992, «Қарақалпақстан» баспасы, 29-бет.

[2] Юсупова И., таңламалы шығармаларының еки томлығы, II-том, Нөкис, 1992, «Қарақалпақстан» баспасы, 85-бет.



өзиниң раўажланыў бағдарын тапты. Бул бойынша Қ. Оразымбетов: —

«80-жыллар лирикасының және бир характерли өзгешелиги дүньяны лирикалық таныў қурамаласты, поэтикалық гүйзелиске түсиў артып барды, ал ол болса, өз гезегинде ўақыттың ҳәр қыйлы қарама-қарсылықларын өз бойына синдирип киятыр. Шайырлардың дүньясы, ўақытты түсиниўге болған умтылыўшылығы көпшилик жағдайда жемисли жуўмақланды. Жәмийетте болып атырған социаллық ,экономикалық, сиясий өзгерислерди интеллектуаллық, әдеп-икрамлылық жүзесинен анализлеў нәтийжесинде жәмийетлик ҳәм жеке санаға тәсир жасайтуғын лирикалық шығармалар пайда болды».[1] деген пикирди айтады.

Шынында да 80-жылларда миллий әдебиятымызда түптен бурылыс болды, яғный поэзиямызда шайырларымыздың публицистик ой-сезимлери «Жемисли» жуўмақланды.

И. Юсуповтағы шеберлик, ол қандай қосық жазса да сол халықтың тәбиятын, турмысын, оқыўшының көз алдына келтире алады. Онда стандарт сөзлер ушыраспастан, ҳәр бир қосықта жаңа сөзлер пайда болады. Шайырдың қосықларында адамның ойы, мақсети, тилеги ашылып отырады.

Публицистикалық лирика — бизиң бүгинги күнимизде оғада әҳмийетли, керекли актуаль жанр болып есапланады. Публицистика

---

[1] Оразымбетов Қ., «Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик, Нөкис, 1992, Билим баспасы 16-бет.

80-жыллардан бурын да жазылған, бирақ өзиниң айқын көринисин 80-жыллардан баслап таппақта. Сол ўақытқа шекем оған көпшилик илимпазларымыз жөнли пикир билдирмеген, оған итибар бермей әҳмийетин төменлетип келген.

Поэзия соңғы ўақытлары жәмийеттеги унамсыз ўақыяларды әшкаралаўларға араласып, ҳәр затты өз аты менен атаўға ҳақыйқатлық пенен көрсетиўге умтылмақта. И. Юсуповқа тән нәрсе турмыстағы унамсыз қубылысларға қарсы гүреске шақырыў, ашшы ҳақыйқатлықты жасырмай айтыў.

## ШАЙЫР И. ЮСУПОВ ПОЭЗИЯСЫНДА ТӘБИЯТ ТЕМАСЫ

Балаларды тәбиятты сүйиў руўхында тәрбиялаўда шайыр И. Юсуповтың көркемлиги жоқары шығармаларының орны гиреўли.

Ҳәзирги публицистикалық лирикамыздың көтеретуғын мәселеси: — ана тәбият, усы ана тәбиятымыз жаратқан бағы бақшаларымыздың жарасығы, сәни болған ҳайўан-қусларымыз еди. Биз бир Арал апатшылығы себепли буннан да басқа көп нәрселеримизден айра түстик, оларды жойтып алдық. Өз тәбиятымызға өзимиз, өз ден-саўлығымызға өзимиз ашықтан-ашық билип турып, зыян келтирдик. Тәбиятымызға жарасымлы ҳайўанларымызды, қусларымызды қырып болдық, жер-суўларымызды қалдырмай зәҳәрледик. Жоба бежериўдиң жолында сиясатшыл басшыларымыз не бир мәккарлықты, көз боямашылықты қолланды. И. Юсупов усындай иллетлерди



басқалардан бурын көрген, олардан бурынырақ айтқан шайырлардан болды. И. Юсупов усы дүньяның дәрти менен, тәбияттың жәмийеттиң дәрти менен толғанады.

Ҳәзирги әдебиятымызда публицистика тараўында қолы жеткен табысларын ҳәр сапары беккемлеп барыў менен бирге Ибрайым Юсупов туўған елге пәк муҳаббат, сүйикли Ўатанның сулыў тәбияты, адамлардың идиаралды ой-сезимлери ҳаққында жаңа дөретпелерин берди. «Шөгирме кийип (Шөгирме), Жийенниң «Жаўыр болып тийеги туқыл ашқан» қобызының намасын (қобыз) тыңлап, Әжинияздың (Айт сен Әжинияздың қосықларынан) ҳәм Бердақтың (Бердаққа) қосықларын айтып, қара жорғаның аяқ алысын (қара жорға) тамашалап өскен әўлад, шайырдың заманласлары енди оның ҳәр бир қәдемин жаздырмай гүзететуғын болды. Оны оқыўшы жас жазыўшы емес, ал устазлық басқышқа көтерилген жазыўшы деп билди».[2]

Бул исеним ҳәм үмит шайырға қанат қомлатып, ойын зийрек етти. Ол өз өмирин пүткиллей әдебиятқа бағышлайды.

И. Юсупов излениўши шайыр.

Өмирдиң қуўанышы менен ирениши, ләззети менен наласы, қапалығы шайыр жүрегинен өтеди. Бул мәселелерди публицистикалық қатарлар менен жеткериўде биз шайырдың тапқырлығына гүўа боламыз. Шайыр И. Юсуповтың қәлемине тийисли болған «Кораблълер қойымшылығындағы елес» — шы-

---

[2] Есемуратова Г., «И. Юсупов поэзиясы», Нөкис 1971, «Билим» 21-бет.

ғармасы соңғы жыллардағы лирикалық поэзиядағы ең жетилискен публицистикалық дөретпе деп қараўға болады. Мысалы:

Кеше гүрлеп турған ушсай портында,
Бүгин корабльлер қойымшылығы,
Көшип кеткен балықшылар журтында,
Жатар жайрап кемелердиң сынығы.[1]

деп Арал ҳәм Әмиў трагедиясын, оның аяньшлы көринисин қосық қатарлары менен сүўретлеп береди.

Ал, мына қатарларда сол ўақыттағы дәўир иллетлери, усындай өзимизди бийпарўалықта көрсеткенлигимиз себепли туўып отырғанлығын айтады.

«Тәбияттан мийрим күтпе тартып ал!»
Деп биз маңлайшаға жазып қойғанбыз!
«Тыңнан жер аш, ақ алтынды артық ал!
Деп теңизди қуртыўға да барғанбыз.[2]
Кийик жуўырғандай шөллер қалмады.
Палыз-тамарқаға жерлер қалмады,
Жер көрсең бәрине пахта ектиңиз,
Малды арқанлаўға шөллер қалмады[3]

Сондай күшли бул қосықты оқыған адам тереңнен ойланады. Ҳәтте қыйланады. Жаны тас адам ғана бийтәреп болыўы мүмкин, я ўатансыз адам ғана буған көз жумып қараўы мүмкин. Ким ўатан деп жасаса, ким туўған жер тәғдийрин ойласа көзине жас алады. Ол

---

[1] Юсупов И., Таңламалы шығармаларының еки томлығы, — II-том Нөкис, 1992, «Қарақалпақстан» баспасы, — 80-бет.
[2] Сонда, 81-бет.
[3] Сонда, 84-бет.



қосықлар ҳәр бир инсанды жылатыўы мүмкин, ҳәтте бул қосықты шайыр ишки дәрти менен қоса жылап отырып жазған. Арал тәғдийри — халық тәғдийри. Оның суўы қурып еди, оннан балықта қашты, қуста қашты, жерди дуз басты, усыны ойлаған шайыр:

«Қалса оның туўған жери қала ма?
Муҳаббатты, жаслық өмири қала ма?
Ата-бабамның қәбири қала ма?
Инсандай сағынып қәдирлей билмес...[1]

— деп, шайыр инсаният ушын туўған жер алтын топырақ, оны таслап ҳеш жаққа кетиў мүмкин емес, себеби биз балық емеспиз суў менен ҳәр тәрепке ағып кететуғын, қус емеспиз жақсы, пайызлы жерлерди таўып алып мәкан басатуғын, дейди. Бул жерде бизиң ата-бабаларымыз бурыннан жасап киятырған, енди өзлери болмаса бизлер ушын мәңги естелик қәбирлери бар. Бул халық. Олар туўған жерлерин таслап кете алмайды. Шайырды усы сезим қыйнайды, тынышын алады:

«Ҳәзир дәркар емес, маған той-байрам,
Аўлақ жүрип қыял сүргим келеди.
Бул апат ислерден ақыллар ҳайран,
Себеплерин серлеп билгим келеди.
Қайтып берер болса Аралды бизге
Жанды қурбанлыққа бергим келеди»[2]

— деген қатарларда шайырдың ишки дәртлерин дебдиўлерин жанымыз бенен сезинемиз.

---

[1] Юсупов И., Таңламалы шығармаларының еки томлығы, II-том, Нөкис, 1992, «Қарақалпақстан» баспасы, 18-бет.
[2] Сонда, 19-бет.

Арал теңизи бир ўақытлары ең белгили дем алыс орны болды. Бирақ бул орынға да бир де колхозшының ямаса рабочийдиң табаны тиймеди. Ол жерде кимниң ҳамалы болса, сол дем алды. Ҳәзликти солар көрди, теңизди де солар қуртты:

«Хрусталь жамларда шайқалып шарап,
Салқын шәрдереден теңизге қарап,
Ханымлар шөллессе «боржумий» сорап,
Ханның қызынан да өткерер еди...»[1]

Мине усыларды қаралай отырып, шайыр Арал теңизиниң бүгинги тәғдийри менен гүрсинеди.

«Хош, теңиз, сүйикли жаралы жандай,
Өлим ҳалатында урасаң ҳаллас,
Мениң қайғым амфибия — адамдай,
Сенсиз қырда жасап, саўа бола алмас.[2]

Шайыр қосықларында «Қарақалпақ көшер деген» ел тәғдийриниң «Асты да дуз, үсти де дуз» жер тәғдийриниң «Жаралы жандай» теңиз тәғдийриниң қосық пенен сүўретин салады ҳәм оны бүгинги күнниң бояўы менен береди.

Биз шайырдың бул қосықларында ҳақыйқый публицистикалық қатарларды көремиз. Шайыр тек ҳақыйқатлықты айтып ондағы унамсыз типлерди әшкара етиў менен бирге қосықтың көркемлигин де сақлай биледи.

---

[1] Юсупов И., Таңламалы шығармаларының еки томлығы, II-том, Нөкис, 1992, «Қарақалпақстан» баспасы, 20-бет.

[2] Сонда, 22-бет.



Бунда бир сөз де былай аўысып ямаса кемистей болып турғанын көрмеймиз. Егер, бул дөретпелер бизлер көрип өткен тарийхымызда үлкен жаңалық болған қайта — қурыў ўақтынан бурын тубалаўшылық заманында жазылғанда, ҳәзир бул шығармалар түўе, шайырдың өзин де көре алмас едик. Себеби ол ўақыттағы заман сондай еди...

Зульфия Өтемуратова

## ДӘСТАН ҲӘМ ДӘЎИР

Ҳәзирги дәўирде руўхый раўажланған инсанларды тәрбиялаў ҳәр бир оқытыўшының әдиўли ўазыйпаларының бири болып тур.

Дәўир талабы тийкарында дүньяға жаңаша көз-қараста пикир жүргизетуғын, келешек туўралы ойлайтуғын инсанларды жетилистирип шығарыў керек.

Халқымыз нешше әсирлер даўамында оғада әжайып әдебий мийрасларды дөреткен ҳәм оларды көз-қарашығындай сақлап ҳәзирги күнимизге шекем келип жеткен. Соның ишинде дәстанлар ең бай руўхый ғәзийнелеримизден есапланып, ол аўыз еки әдебиятымыз ишинде ең көлемли жанр болып, оны мектеп көлеминде өтиўге бираз итибар берилген.

«Алпамыс», «Қырық қыз», «Мәспатша», «Ғәрип—Ашық», «Шәрьяр», «Едиге», «Гөруғлы» дәстанлары мектеп сабақлықларынан орын алған. Әсиресе, көп жыллар даўамында тилге алынбай келинген «Едиге» дәстанының қайта қолға алынып изертлениўи ҳәм оны үйрениўдиң мектептен басланыўы ең үлкен жетискенликлерден есапланады. Бул дәстанды изертлеў мәселеси бойынша ис алып барған белгили илимпаз, филология илимлериниң докторы Қ. Алламбергенов өзиниң «Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге» атлы монографиясында: «Дәстан орта әсирлерде дөрегени менен, бүгинги күнде де, келешекке де өзиниң идеялық — көркемлик жақтан қунлылығы менен өз әҳмийетин жоғалтпайды»[1] деп дәстанның әҳмийети туўралы оғада дурыс пикир билдирген еди.

Ҳақыйқатында да, бүгинги күнимизге әсиресе өсип баратырған жас әўладларды тәрбиялаўда бул дәстанның әҳмийети уллы болып отыр.

«Юсуп—Ахмет» дәстаны белгили қарақалпақ халық дәстанларының бири болып бул дөретпе туўралы, 10-класстың «Қарақалпақ әдебияты» сабақлығында қысқаша берилген.[2] Бул дәстанның биринширден тәрбиялық әҳмийети оғада күшли болып, онда ең жақсы дидактикалық идеялар орын алған.

Дәстанның баслы қаҳарманлары болған Юсуп пенен Ахмет образлары үлги аларлықтай етип сүўретленген.

Бас қаҳарманлардың бири Юсуп мәрт, батыр, бир сөзли, ақыллы, шешен, шайыр сыпатында көзге тасланады.

Оның күш-қудиретин дәстанда былай тәрийплейди:

«Юсупбек дегениң арысланға мегзер,
Рустем — Дәстандай палўанға мегзер».[3]

---

[1] Қ. Алламбергенов. Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге» —Нөкис.: Билим, 1995, 224-бет.

[2] С. Ахмедов, К. Мамбетов Қарақалпақ әдебияты—10 класс.

[3] Қарақалпақ фольклоры—Нөкис.: Қарақалпақстан, 1986, XVI том, 173 бет.

Юсуптиң ақыллылығы, Бозуғланның намасына жигитлери ашыўланып, елшини өлтирип, атына байлап жибермекши болғанда оларды тоқтатып, салқын қанлылық пенен, ойланып ис етиўинде биймәни саўашлардан бас тартып, ашыў-ызасын шыдамға жеңдириўинде, ели-халқын алып өкпе-гийнесиз парахатшылық пенен питиўинде көринеди.

Юсуп шайырлық, сөзге шешенлик киби пазыйлетлерге де ийе. Ол өзи бенде болып жаў арасында турса да Көкше шайырды жеңип шығады ҳәм өзиниң сөзге дилўарлығы арқасында өлимнен аман қалады.

Ахмет образында туўысқанға садықлық, тил алғышлық пенен Шығыс халықларындағы ақыллы, түсимпаз ининиң, сыйласықлы жасы кишиниң ең ағла белгилери берилген.

Дәстанда Ахметтиң тәрийпи былайынша баян етилген:

— Қырқ жигити хызмет қылар қасында,
Қол қаўсырып оңлы-соллы дашында.
Қупбег улы әйне он төрт жасында,
Ахмет беги гүли—райханға мегзер[1]

Ахмет зәрүр жеринде Юсупке кеңес айтады, оған сүйениш қолқанат болады.

Әширбек сәрдар образында досқа садықлық, мәртлик ўәдесине бериклик қәсийетлери жәмленген. Ол бенде болған Юсуп, Ахметлерди қутқарыў ушын ҳәттеки қурбан болыўға да таярлығын билдиреди.

— «Юсупбегим, сизиң ушын,
Жанды пидә қылмақ исим,

---

[1] Сонда, 173-бет.



Әжел жетсе бул майданда,
Шейит болып өлмек исим»[1]

Демек, дәстандағы образларда халық әрман еткен инсан ушын ең зәрүр ағла пазыйлетлер жәмленген.

Буларда батырлық, мәртлик, шайырлық, досқа садықлық, туўысқанға деген мийримлилик, мириўбетлик бар.

Екиншиден, дәстанлардың көркемлиги дәрежеси жүдә жоқары болып ондағы көркемлеў қураллары туўралы теориялық билим бериў керек.

«Юсуп—Ахмет» дәстанында әсиресе эпитетлер көп пайдаланылған. Мәселен, «ғош жигит», «әзизлер әўлады», «қәлем қас», «ҳинжи тис», «Саҳипжамал қыз», «қайшы қулақ бедеў», «баўжай жорға», «мерўерт үпекли найза», «жүйрик жорға», «зернигар мийманхана», «гәўҳәр пышақ», «ақ отаў», «нәзик бел» ҳәм т. б.

Теңеўлердиң ең жақсы үлгилери бар. «Жолбарыстай», «арысландай», «Рустеми—Дәстандай», «гүл киби», «бүлбилдей», «яқыб киби», «селдей», «күндей», «Мансур киби» ҳәм т. б.

Сондай-ақ нақыл-мақаллар да ушырасады. «Ердиң душпаны аяқ астында», «Теректи шақасынан кессең қуламас, түбинен кессең қулайды», «Кеңесли тон келте болмас».

Демек, дәстанда ең жақсы ағла қәсийетлерге ийе. Юсуп, Ахмет, Әширбек сәрдәр образлары жаратылған екен, олардағы ең жақсы пазыйлетлерди үлги етип алады.

Жуўмақлап айтқанда, дәстанлардың мек-

---

[1] Сонда, 180-бет.

тепте теориялық билим бериўде, және тәрбиялық әхмийети уллы.

Халқымыздың қанша әсирлерден берли сақланып келген руўхый ғәзийнеси есапланған дәстанлар өсип баратырған жас әўладларға үлги болатуғыны сөзсиз.

Еле қаншадан-қанша әўладлар бул дәстанларды оқыйды, үйренеди.

## ДӘСТАНЛАРДА БАТЫРЛАР ОБРАЗЫ

Қарақалпақ халық дәстанларында батырлық биринши орынға қойылады. Батырлардың туўылыўынан баслап сөз етиледи. «Алпамыс» дәстанындағы Алпамыс, «Қоблан» шығармасындағы Қоблан, «Мәспатша» дөретпесиндеги Мәспатша, «Шәрьяр» эпосындағы Шәрьяр, «Гөруғлыдағы» Гөруғлы образлары инсаният әрман еткен батырлар сыпатында жасалған. Айрықша, «Юсуп—Ахмет» дәстанындағы бир емес, еки қаҳарманның — Юсупбек пенен Ахметбектиң образларының шебер дөретилиўи оқыўшыларды қызықтырады.[1]

Дәстанда Юсупбек пенен Ахметбектин туўылыўынан баслап сүўретленеди. Юсупбек тек батыр, күшли жаўынгер ғана емес, ал ақыллы, сөзге шешен ҳәм шайыр ретинде де адамларға таныдады. Ол шығармада мынадай қосық қатарлары арқалы тәрийпленеди:

«— Юсупбек дегениң арысланға мегзер,
Рустем дәстандай палўанға мегзер». (173-бет)

[1] Қарақалпақ фольклоры. — Нөкис.: Қарақалпақстан, 1986, XVI том, 161—258-бетлер.



Н. Дәўқараев батырлар образының жаратылыўы мәселесине тоқтап: «Батырлар қай жерде, қандай жағдайда болса да алған бағдарынан қайтпайды, тартынбайды, мақсетин орынламай қайтпайды... Қайсы батырлық жырды алсақ та, оның тийкарғы қаҳарманы — батырлары қара басының ғамынан елдиң исин артық санайды, ҳеш ўақытта ел намысын, халық намысын аяққа баспайды. Өз басын ел ушын, елдиң әдиўли иси ушын қурбан етиўге бәрҳама таяр турады», — деп пикир көрсеткен еди.[1]

Юсуп те усындай қаҳарман сыпатында көринеди, ол елдиң азатлығы ушын душпанлар менен мәртлерше гүрес апарады.

Ахметбек те батырлығы және ғайратлылығы менен халықты ҳайран қалдырады, ол мудамы Юсупбек пенен ойласып ис қылады, оннан жуўапсыз шешим қабылламайды. Оның образы:

«—Қырық жигити хызмет қылар қасында,
Қол қаўсырып оңлы-соллы дашында,
Қупбег улы әйне он төрт жасында,
Ахмет беги гүли — райханға мегзер» (173-б.)

Ахметбек мийирбан, түсимпаз ҳәм ер жүрек жигит ретинде Юсупбекке қол-қанат болады.

Олар екеўин дәстанда төмендегише тәрийплейди:

«— Бири шердур, бири арысланға мегзер» (173-бет).

[2] Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. — Нөкис.: Қарақалпақстан, 1977, 2-том, 197-бет.

Екеўи тутқын болып, қолы байлаўлы баратырғанда, Ахметбектиң азап шеккенин көрип, оған жаны ашыйды, жаўлардан қорықпайды:

«— Қазан болды бағ өмирим кешинде,
Арзымды еситкил, қызылбас, мениң,
Ахметти азат қыл, өлтиргил мени.
Қолын шешип Ахметжанды миндириң.
Жас уғландур билмегенин билдириң,
Урмаң, соқпаң, шад етип күлдириң,
Көзлерим көрмесин, мени өлтириң,
Қолын шешип Ахметжанды миндириң», —

деп оны қорғайды. (196—197-бетлер).

Юсупбек душпан алдында бас иймейди, ҳақыйқатлықты айтады. Ахметбек жас болыўына қарамастан, керек жеринде ақыл таўады, халыққа хызмет етиў ушын мудамы таяр турады. Юсупбек пенен Ахметбектиң билими тереӊ, сыйласығы күшли батырлар ретинде де даңқы шығады. Олар екеўин ҳәмме ҳүрметлейди, оларды:

«Ҳәр исини көрсеӊ шахы кисидей,
Сиясат бабында Рустем, Қысыраўдай,
Адалат бабында Машын—Ҳәмирдей,
Бири сүмбил, бири рәўшанға мегзер». (173-б.)

деген шуўмақта тәрийп қылады.

Юсупбектиң ақыллы дана екенлиги оның айтқан сөзлеринен де мәлим болады:

«— Қурбан болай мәрт жигиттиң дәстине,
Атын бағлар, ғазап қылмас қастына,
Нәмәрт билән барма душпан үстине,
Басқан изиң, жүрген жолың билинер» (162-б.)

Юсупбек ҳәм Ахметбек алдаўлық пенен бенде болғанда да албырамайды, шыдам менен жеңиске жетеди. Ахметбек Юсупбекке бәрҳа садық болып, екеўи қәўипли душпанларды жеңеди.



Дәстанда Юсуп ҳәм Ахметтиң зинданда жатып жапа шегиўи Алпамыстың қыйналғанына уқсайды, олар сабыр етип, азатлыққа шығады. Саўашларда екеўи де Қобландай қарыў салады. Олардың татыўлығына дос-душпан таң қалады. Ахмет киши болса да өзиниң дурыс кеңеси менен Юсупке жәрдемлеседи:

«—Бүлбил билер гүлдиң рәтини,
Қуда ашқай ҳәр бенденің бахтыны,
Ақыры, алармыз аның тахтыны,
Егленбейин жүргил, Юсуп султаным»

— деп өзлерине жаманлық ислеген жаўыз патшадан ўақты келгенде кек қайтарыўға шақырады (197-бет). Қос батыр — Юсупбек пенен Ахметбектиң ел-халық ушын хызмети әўладларға үлги болатуғынлығы сөзсиз!

## БАТЫРЛАР ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ДОСЛАРЫ

*(Юсуп—Ахмет» дәстаны мысалында)*

Дәстанларда батырлардың жанында мудамы олардың жақын дослары ҳәрекет етеди. Мәселен: «Алпамыс» дәстанында оның садық жолдасы ретинде Қаражан қайсар алынған.[1] «Юсуп—Ахмет» шығармасында Юсуп пенен Ахметтиң опадар яраны сыпатында Әширбек сәрдар көрсетилген.[2] Усылар менен бир қа-

[1] Қарақалпақ фольклоры. — Нөкис.: Қарақалпақстан, 1986, 16 том, 151—263-бетлер.
[2] Қарақалпақ фольклоры. — Нөкис.: Қарақалпақстан, 1981, 7-том, 219-бет.

тарда, батырлардың атлары да, ғаз, тырна, қарлығаш сыяқлы қуслар да оларға дослық жәрдемин береди. «Юсуп—Ахмет» дөретпесинде де бес тырна оларға көмек береди, зинданда жатырған мәртлердиң ҳалынан хабар алады. Дәстанда қарлығаш та тутқын болған адамларға жақсылық етеди. «Алламыс» дәстанында да ата-анасын, туўғантуўысқанларын ҳәм ел-журтын сағынған батырдың сәлемнамасын ғазлар жеткереди. Булардың барлығының мәниси үлкен. Балаларды ана тәбиятты сүйиў, ҳайўанатларға және қусларға ғамхорлық етиў руўхында тәрбиялаў ушын дәстанларда усылайынша сүўретлеўлер орын алған.

«Юсуп—Ахмет» дәстанында бес тырнаның хабар-атарсыз кеткен еки қаҳарман жигитти излеп кеткенлиги, оларды таўып алғанлығы сөз етиледи:

«Юсупбектиң шарбағында бес тырнасы бар еди. Булардың жыласқан ҳаўазын еситип, жанларына келип турды. Анда Гүләсел айым айтты: — Ҳәй жәниўарлар, сизлер ҳәм Юсупбектиң қәдирли тырналары едиңиз, не болар екен. Мысал шәҳәрине барып, беслердиң өли-тирилигин, бары-жоғын билип келсеңлер, — деди. Әмма, тырналар адам зибанында сөйлеспесе де, көп ўақыттан бери адам зибанына түсинер еди. Анда булардың сөзине түсинип, ғаңқылдасып, алдына келип, қанатларын жазды, анда Гүләсел айым бир қағазға сәлемнама хат жазып, итият қылып, тырнаның қанатының астына беккем етип байлап, тырналарды ушырып жиберди». (210-б.)

Солай етип, бес тырна дерексиз жойтылып кеткен Юсуп пенен Ахметти излеп, оларды



қамап қойған зинданды таўып алады. Халқын ҳәм ата-анасын көрмей қапа болып жатырған қос батыр адамдай ақыллы тырналарын көрип қуўанып кетеди. Олардан өз елатына сәлем айтып жибереди:

«— Мен айтайын бүгин арзы-ҳалымды,
Тырнам сәлем деңлер бизиң еллерге.
Жылап өткердим маҳы сәлемди,
Тырнам, сәлем деңлер бизиң еллерге». (211-б.)

Батырлар анасын көргиси келеди, олар тырналар арқалы анаға хабар жоллайды:

«— Бул зинданда ҳижриў-жапа шегермен,
Пәлектиң ләшкерине нөкермен,
Көзлеримнен қанлы жаслар төгермен,
Тырнам, сәлем деңлер анама». (211-бет)

Юсуп ҳәм Ахмет батырлар қарындасларына да сағынғанлығын билдирип, тырнадан сәлем жоллайды:

«— Дин Хорезм еди мениң мәканым,
Онда қалды ойнап-өскен елатым,
Емшеклесим мениң ҳәм меҳрийбаным,
Тырнам, сәлем деңлер, нашар сиңлиме». (211-б)

Тырналар сәлемди алып ушып кетеди. Бирақ, жолда оларға көп қәўип-қәтер ушырасатуғынын айтып, Юсуп:

«— Қуслар нешше салар шийрин жаныңа,
Пәрлериң боялар қызыл қаныңа...
Кешелеп кетегөр сени көрмесин,
Тутып алып пәрлериңди жулмасын...» —

деп абайлы болыўға шақырады (214-бет).

Тырналар аман-есен батырлардың елине

жетеди, олардың тири екенлигин ата-аналарына билдиреди. Тырна еки батырға қыйналғанда досларша жәрдемлеседи. Адамлар менен қуслар бурыннан тыныш-татыў жасаған, балалар бәрҳа оларға ғамхор болған.

«Алпамыс» дәстанында да қамаққа түскен батыр өз үлкесине ғазлардан аманлық хат жиберген еди:

«— Қасындағы жолдасына,
Қанатына Алпамыс,
Қызыл сыя хат жазды,
«Алпамыс» деген ат жазды.
— Барсаң дуўай сәлем де,
Атам менен енеме,
Қарындасым Қансулыў!
Сәлем жазып Алпамыс,
Ушырды ғазды ҳаўаға.
Ғаздың көзи қыймады,
Сөзлерге тили болмады,
Зинданға қарап муңайып,
Мойыны менен жер төсеп,
Қанаты менен жер урып,
Сөйлерине зибан жоқ,
Ишкериге қарап жылап тура берди».
(140—141-бетлер).

Ғаздан Алпамыс өз диярына хабар береди. Ата-анасы менен қарындасы, оның аман-саў екенлигин билип шадланады.

«Юсуп—Ахмет» дәстанында зинданға уя салып, палапанларын ушырған қарлығаштан да батырлар халқына хабар айтады:

«— Жигитлери бардур арыслан жүрекли,
Майданға киргенде бәри керекли,
Бедеў атлы ҳәм саўытлы, телпекли,
Испахан елинен Бозуғлан келсин.
Қарлығаш, сизлерге усы сәлемим». (216-бет).

Әжинияз атындағы Нөкис
Мәмлекетлик педагогикалық
институты ИНБ
47198



Қарлығашлар да олардың аманатын адамларға жеткереди. Қарлығаш ерте дәўирлерден-ақ адамның жақын досты есапланған қуслардың бири екенлиги, балалар оларды айрықша жақсы көретуғынлығы мәлим. «Юсуп—Ахмет» дәстанында қаҳарманларға тырналар менен қарлығашлар дослық жәрдем береди, нәтийжеде олар азатлыққа шығады. Қуслар ақыллы ҳәм мийримли етип берилген. Юсуптиң өзи де оларға удайы ғамхорлық етти, соның ушын да қуслар оның жақсылығын жерде қалдырмады. Ўатанымыз тәбияты оғада бай, қуслар ҳәм ҳайўанатлар дүньясы да жүдә гөззал. Дәстанларда да тәбиятты көз қарашығындай сақлаў зәрүрлиги, дослықты қәстерлеў кереклиги аңлатылады. Жас әўлад дәстан қаҳарманларының мәртлигинен, дослыққа садықлығынан үлги алыўы керек. Адамзат пенен тәбият арасындағы қатнасты сәўлелендирген көркем шығарма «Юсуп—Ахмет» дәстаны балалар жүрегинин төринен, халық кеўлинен мәңги орын алады!

## МАЗМУНЫ

### Өтемуратова Ҳүрлиман

Болар елдиң балалары . . . . . . . . 3
Әжинияз ҳәм оның устазы . . . . . . 10
Рәўият ҳәм тарийх . . . . . . . . 14
Толғаў ҳәм образ . . . . . . . . 20
«Улуғбек ғәзийнеси» . . . . . . . 23
Шырақ әпсанасы . . . . . . . . 28
Өтмиш сабақлары . . . . . . . . 32
Нураддин батыр . . . . . . . . 40

### Даниярова Тилеўхан

Балалар ҳәм экология (*И. Юсуповтың публицистикалық лирикалары мысалында*) . . . . 46
«Анаға қарап қыз өсер,
Атаға қарап ул өсер» (*И. Юсупов поэзиясы тийқарында*). . . . . . . . 50
Шайыр И. Юсупов поэзиясында тәбият темасы... 54

### Өтемуратова Зульфия

Дәстан ҳәм дәўир . . . . . . . . . 60
Дәстанларда батырлар образы . . . . . 64
Батырлар ҳәм олардың дослары (*«Юсуп—Ахмет» дәстаны мысалында*) . . . . . . 67

**Ҳүрлиман Өтемуратова. Тилеўхан Даниярова. Зульфия Өтемуратова**

**«БОЛАР ЕЛДИҢ БАЛАЛАРЫ»**

қарақалпақ тилинде
«Қарақалпақстан» баспасы
Нөкис — 1997

Редакторы — *Тилеўхан Даниярова*
Художниги — *Исмаил Қыдыров*
Тех. редакторы—*Замира Досанова*
Корректоры—*Байрам Садықов*

ИБ 2018

Териўге берилген ўақты 25.07.97 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 11. 08. 97 ж. Қағаз форматы 70Х90$^{1}/_{32}$. Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 2,25 б/т. 2,63 Шәртли б/т. 2,68 есап б/т. Жәми 2000. нусқа, буйыртпа 204. Баҳасы 19 сум.

«Қарақалпақстан» баспасы. 742000.
Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9 жай.

ҚР. Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9 жай.